ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

І924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№22 (24.772) ● 2025 гъэм мазаем (февралым) и 20, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэм къызэритамкІэ

Псоми я плъапІэ нэхъыщхьэхэр

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Хэкум и хъумакІуэм и илъэсымрэ ТекІуэнығъэр илъэс 80 зэрырикъумрэ зэрагъэлъэпІэну щІыкІэр щаубзыхуа зэІущІэ иригъэкІуэкІащ.

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщІ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, республикэм щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, спортымкІэ министр **Хьэсанэ Ислъам** сымэ.

УнэтІынығъэ зэмылІэужьыгъуэхэм яхуэгъэпсауэ щытынущ къаІэт лэжьыгъэшхуэр. Пшыхьрэ зэІущІэу 300-м нэс ирагъэкІуэкІыну я мурадщ, цІыхубэми, щІыпІэ администрацэхэми, министерствэхэми махуэ къэс жэрдэмыщІэхэр къабгъэдокІ. Дзэ-хэкупсэ зэхуэсхэр, щэнхабзэмрэ спортымрэ щызэхашэну зэпеуэхэр республикэм и район псоми щекІуэкІынущ. Хэку зауэшхуэм теухуа пэжыр утыку къихьэнырщ, лІыхъужьхэм я фэеплъыр къэгъэщІэрэщІэжынырщ а псоми я плъапІэ нэхъыщхьэр. Хэкур зыхъумахэм я илъэсымрэ ТекІуэныгъэр илъэс 80 зэрырикъумрэ яхухэхауэ щытынущ гъэлъэгъуэныгъэхэри, спорт-щэнхабзэ ІуэхущІапІэхэм щрагъэкІуэкІыну зэІущІэхэри, зэхьэзэхуэхэри.

Жьы хъуахэм ягъуэтыпхъэщ гулъытэ

КъБР-м и Парламентым ЛэжьыгъэмкІэ, социальнэ политикэмкІэ, узыншагъэр хъумэнымрэ ветеранхэм я ІуэхухэмкІэ и комитетым мазаем и 18-м иригъэкІуэкІа зэІущІэм щытепсэлъыхьащ зи ныбжь хэкІуэтахэмрэ нықъуэдыкъуэхэмрэ хуащІэ Іуэхутхьэбзэхэм.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ республикэм и хабзэубзыху ІуэхущІапІэм и УнафэщІ **Егоровэ Татьянэ**, абы и къуэдзэ **Къардэн Мурат**, КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лІыкІуэу КъБР-м и Парламентымрэ суд ІуэхущІапІэхэмрэ щыІэ **ДыщэкІ Мадинэ**, щІыналъэм и социальнэ ІуэхущІапІэхэм я унафэщІхэр, депутатхэр.

КъБР-м и Парламентым ЛэжьыгъэмкІэ, социальнэ политикэмкІэ, узыншагъэр хъумэнымрэ ветеранхэм я ІуэхухэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Къэжэр Хъусен** жиІащ къаІэта Іуэхум, шэч хэмылъу, мыхьэнэшхуэ зэриІэр. «Къэбэрдей-Балъкъэрым зи гугъу тщІы цІыхухэм сыт щыгъуи щахуосакъ икІи пщІэ щыхуащІ. Нэхъыщхьэжрацы, абыхэм къахукъуэкІ гугъуехьхэр зэхэгъэкІыныр къалэн нэхъыщхьэу зыхуэдгъэувыжхэм ящыщщ», - къыхигъэщащ абы.

- УФ-м и Президент Путин Владимир Федеральнэ ЗэІущІэм гъэ къэс Зэрызыхуигъазэм къыщыхегъэщ зи ныбжь хэкІуэтахэм гулъытэ хэха яІэн, ядэІэпыкъун, ахэр гъэгушхуэн зэрыхуейр. Къэралым и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа, щІэныгъэрэ зэфІэкІкІэ щапхъэ, ди лъэпкъ хабзэхэмрэ щэнхабзэмрэ тхуэзыхъума нэхъыжьыфІхэм сыт и лъэныкъуэкІи защІэдгъэкъуэныр ди къалэн нэхъыщхьэ дыдэщ, - жиІащ Егоровэ Татьянэ. - ХущхъуэкІэ, социальнэ, медицинэ ІуэхутхьэбзэхэмкІэ абыхэм ягъуэт дэІэпыкъуныгъэр едгъэфІэкІуэн, зи закъуэу псэухэмрэ щытыкІэ гугъу итхэмрэ защІэдгъэкъуэн хуейщ. Мы Іуэхум ехьэлІауэ республикэм иІэ ехъулІэныгъэхэм я мызакъуэу, нобэ дытепсэлъыхьыну сыхуейт зи ныбжь хэкІуэтахэм я гъащІэр нэхъ тынш, нэхъ кІыхь зэрахуэтщІыфыну щІыкІэхэми.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министр **Тогузаев Тахир** я лэжьыгъэр зэраунэтІым щытепсэлъыхьым, жиІащ республикэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэм тегъэщІауэ къэрал ІуэхущІапІэу 9 зэрыщыІэр, абыхэм жьы хъуахэмрэ нықъуэдыкъуэхэмрэ я унэ-интернату 4 (цІыху 755-рэ псоми зэхэту щІэхуэу) зэрахэтыр. ЦІыхухэр социальнэ ІуэхутхьэбзэхэмкІэ къызэзыгъэпэщ республикэ центрым и къудамэхэр район псоми щыІэщ. Зи закъуэхэмрэ нықъуэдыкъуэхэмрэ, зи ныбжь хэкІуэта зэщхьэгъусэхэм пэш хухахыным тещІыхьауи «Жьы хъуауэ зи закъуэу къэнахэм яхухэха унэ щхьэхуэ» щыІэщ. Абы цІыху 54-рэ щІохуэ.

Республикэм и социальнэ ІуэхущІапІэхэм илъэс къэс цІыху мин 40-м щІигъум ІуэхутхьэбзэзэмылІэужьыгъуэхэр хуащІэ. Министрым зэрыжиІамкІэ, ІуэхущІапІэхэр ІэщІагъэлІхэмкІэ ирикъуу къызэгъэпэщащ, я нэІэм щІэтхэм я ныбжьри я узыншагъэри къэлъытауэ, ахэр дэтхэнэ -ми набдзэгубдзаплъэу кІэлъоплъ. Абы и фІыгъэкІэ социальнэ ІуэхутхьэбзэхэмкІэ къищынэмыщІа, жьы хъуахэм зэрызыщІагъакъуэ Іэмалхэм зрагъэубгъуф. Зи ныбжь хэкІуэтахэм медицинэ и лъэныкъуэкІи ядоІэпыкъу, гукъыдэж къызыхахын щэнхабзэ Іуэхухэми хагъаплъэ.

Тогузаевым къыхигъэщащ нэхъыбэу щІэупщІэ зиІэр унэм деж щадэІэпыкъуныр зэрыарар, абы и лъэныкъуэкІэ цІыху мини 4-рэ никъуэм щІигъу къызэрызэщІаубыдэфыр.

- ЦІыхухэм я псэукІэр нэхъ тынш ящыщІыным теухуауэ ягъуэт дэІэпыкъуныгъэхэр кІуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу. Апхуэдэу «Демографие» лъэпкъ Іуэхум «Нэхъыжьхэр» и федеральнэ проектыр гъэзэщІэным хыхьэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и районитхум (Налшык, Прохладнэ къалэхэм, Тэрч, Бахъсэн, Май щІыналъэхэм) нэгъабэ щыдгъэбелджылауэ щытащ зи ныбжь хэкІуэтахэмрэ нықъуэдыкъуэхэмрэ пІалъэ кІыхьым тещІыхьауэ зэрыкІэлъыплъыну щІыкІэр. Абы сом мелуан 61-м щІигъу хухахащ. Абы ипкъ иткІэ цІыху 217-м ядоІэпыкъу, тІур - дзэ Іуэху хэхам хэтауэ. 2025 гъэм Шэрэдж районри хэту, апхуэдэ дэІэпыкъуныгъэм цІыху 228-рэ къызэщІедгъэубыдэну ди мурадщ, - дыщІигъуащ министрым.

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Прохладнэ къалэм я жьыхъугъуэм зи закъуэу къэна цІыхухэр щыкуэдщ. Абыхэм яхэтщ къахуэмеижу я бынхэм къыхифІадзэхэри, - жеІэ ЦІыхухэр социальнэ ІуэхутхьэбзэхэмкІэ къызэзыгъэпэщ республикэ центрым и Прохладнэ къалэ къудамэм и унафэщІым и къуэдзэ **Сасыкъ Надеждэ**. - Унэм социальнэ Іуэхутхьэбзэ зыщыхуащІэхэр 2024 гъэм цІыху 847-рэ хъууэ щытащ. Ар егъэлеяуэ бжыгъэшхуэщ зы къалэм дежкІэ.

Къэпсэлъам къызэрыхигъэщамкІэ, жьы хъуа я адэанэхэр нэхъыбэу хыфІэзыдзэр фадэм е наркотикым дихьэхахэращ. 2024 гъэм къриубыдэу Прохладнэ къалэм щыІэ социальнэ ІуэхущІапІэм Іуэхутхьэбзэ зэхуэмыдэу 169 743-рэ яхуищІащ цІыхухэм. Сасыкъ Надеждэ тепсэлъыхьащ социальнэ лэжьакІуэхэр нықъуэдыкъуэхэмрэ пІэхэнэхэмрэ зэрыкІэлъыплъынум теухуауэ зэрагъасэми апхуэдэхэм я Іыхьлыхэм зэрадэлажьэми.

«Гериатрическэ центр» ІуэхущІапІэм и дохутыр нэхъыщхьэ **Хьэджымыкъуэ Руслан** тепсэлъыхьащ жьы хъуахэм я узыншагъэм кІэлъыплъыныр къызэрызэрагъэпэщым. Абы зэрыжиІамкІэ, центрым и ІуэхутхьэбзэхэмкІэ хуэныкъуэхэм папщІэ мазэ къэс 25-нэ махуэм ягъэгъуэлъыфыну цІыху бжыгъэр зыхуэдизыр поликлиникэхэм зэрырагъащІэр.

Жьы хъуахэмрэ нықъуэдыкъуэхэмрэ я Налшык унэ-интернатым и унафэщІ **Быф Беслъэн** жиІащ 2020 гъэм унэм и етІуанэ къатыр зэрызэрагъэпэщыжар, абы щыпсэухэм я нэгу зыщрагъэужь пэшышхуи зэраІэр. «Нэхъыбэу ди лэжьыгъэр зытетщІыхьыр унэм щІэсхэм медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр тэмэму ягъуэтынращ», - къыхигъэщащ абы.

ЦІыхухэр социальнэ ІуэхутхьэбзэхэмкІэ къызэзыгъэпэщ республикэ центрым Іуэщхьэмахуэ щІыналъэм щиІэ къудамэм и унафэщІым и къуэдзэ **Этезов Мэжид** я лэжьыгъэр зэраунэтІым кІэщІу тепсэлъыхьа нэужь, зэІущІэм щыжаІахэр къэлъытауэ унафэ къащтащ.

Егоровэ Татьянэ жиІащ зи гугъу ящІа Іуэхур дяпэкІэ КъБР-м и Парламентым и зэІущІэшхуэхэм къыщаІэтмэ нэхъ зэрыфІэкъабылыр, цІыху нэхъыбэ абы хэпсэлъыхьмэ, гугъуехьхэр нэхъ тыншу зэхэгъэкІа зэрыхъунур.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Ди къуэш республикэхэм

Махуэшхуэ тыгъэхэр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. «**Хэкур къоджэ» жэрдэмщІакІуэ гупым хэтхэмрэ Дружбэ къуажэм щыпсэухэмрэ мазаем и 23-м егъэщІылІа махуэшхуэ тыгъэхэр хуащІащ дзэ Іуэху хэхам хэтхэм**.

Зи гугъу тщІы гупыр уІэгъэщхэм, сабий унэхэм, СВО-м хэтхэм ядоІэпыкъу. Ар къызэрагъэпэщащ дзэ Іуэху хэхам зэрыщІидзэу икІи абы хыхьащ зэман мытыншым къэралым зыщІагъэкъуэну мурад зыщІахэр. Ахэр мы зэманым цІыху 700-м ноблагъэ.

- Дэ яхуэдгъэхьэзыращ ди зауэлІхэм нэхъ ягу ирихьыну саугъэт хэхахэр. Абыхэм яхуедгъэшащ ерыскъыхэкІ зэмылІэужьыгъуэхэр, ІэфІыкІэхэр, лы гъэгъуахэр, апхуэдэуи школакІуэхэм хуатха письмохэр. Ахэр щызэхуэтхьэсым дыхущІэкъуащ ди щІалэхэр дгъэгуфІэну, абыхэм я гуапэ тщІыну. Дыщогугъ ахэр ди лъахэгъухэм къахуэщхьэпэну, гуих ящыхъуну, - жеІэ волонтер гупым щыщ Салпагаровэ Альбинэ.

Мыбдеж къыщыхэдгъэщынщи, Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэухэр езыхэм я лъахэгъухэу абы къулыкъу щызыщІэхэмрэ Урысейм и щІыналъэщІэхэм щыпсэухэмрэ ядоІэпыкъу дзэ Іуэху хэхам зэрыщІидзэрэ.

Адыгэ кхъуейм и щІэупщІэшхуэ

АДЫГЕЙ. **Республикэм 2024 гъэм кхъуей тонн мин 32,1-рэ игъэхьэзыращ, - жиІащ щІыналъэм и Іэтащхьэ КъумпІыл Мурат. Ар ипэ ита илъэсым елъытауэ процент 14,2-кІэ нэхъыбэщ**.

ПСОМ хуэмыдэу щІэупщІэшхуэ иІэщ мыбы щыхах адыгэ кхъуейм. Ар нэгъабэ тонн мини 7,8-м нагъэсащ.

АР-м и унафэщІым къыхигъэбелджылыкІащ Адыгейм кхъуейуэ, кхъуейхэкІхэу щагъэхьэзырым илъэс къэс зэрыщыхэхъуэр. Ар зыкъомкІэ и фІыгъэщ къэралым гъэшым пыщІа и ІуэхущІапІэхэр зэрыдиІыгъым. Апхуэдэ мурадым блэкІа илъэсым мыбы щыхухахащ сом мелуан 48,2-рэ.

2017 гъэм республикэм къыщызэрагъэпэщащ «Адыгэ кхъуей» зэгухьэныгъэр. Абы хохьэ а ерыскъы лІэужьыгъуэр зыгъэхьэзыр ІуэхущІапІэ нэхъ лъэрызехьэхэр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

ФІагъыр зэлъытар

«РИА Новости» хъыбарегъащІэ ІэнатІэм иригъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэм къызэрыхэщымкІэ, 2024 гъэм Урысей Федерацэм и цІыхухэм я псэукІэм и фІагъым ехьэлІауэ зэхагъэува рейтингым Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъапэІуэкІэ щиІыгъа увыпІэр пункти 5,79-кІэ иригъэфІэкІуащ икІи 64-нэм икІри, 53-нэм уващ.

КЪЫХЭДГЪЭЩЫНЩИ, рейтингым япэ увыпІэхэр щаІыгъщ Мэзкуу, Санкт-Петербург къалэхэм, Мэзкуу областым. Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм я закъуэ къэдгъэлъагъуэмэ, Ставрополь крайм къыкІэлъыкІуэу Къэбэрдей-Балъкъэрыр етІуанэу щытщ.

«РИА Новости»-м и къэпщытакІуэхэм лъэныкъуэ 66-кІэ бгъэдохьэ щІыналъэхэм я цІыхухэр я гъащІэм и фІагъыр зыхуэдэр къыщалъытэкІэ. Абы хохьэ къапщытэж пІалъэм къриубыдэу цІыхухэм ахъшэ хэхъуэу яІар зыхуэдэр, лэжьапІэншэхэм я бжыгъэм зэрыхэщІам и куэдагъыр, цІыхухэм ику иту къагъащІэр, щІыпІэ экономикэм къигъэлъэгъуа хэхъуэхэм я инагъыр, щІыналъэ правительствэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэу цІыхухэм яритахэр, социальнэ и лъэныкъуэкІэ нэгъуэщІ Іуэхугъуэ куэди къызэщІиубыдэу.

Рейтингыр щызэхагъэувам къэпщытакІуэхэм къагъэсэбэпащ УФ-м и Росстатым, Казначействэм, Минфиным, Центрбанкым, МВД-м 2023-2024 гъэхэм зэбграгъэха хъыбархэр.

ТОМЭКЪУЭ Алыдж.

МэкъумэшыщІэхэм я зэфІэкІыр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш ІэнатІэм илъэс блэкІам иригъэкІуэкІа лэжьыгъэхэр къапщытэжащ икІи, зэкІэ къызэрабжамкІэ, республикэм и мэкъумэш, фермер, уней ІуэхущІапІэхэм, я щхьэ хуэлэжьэжыну зезыгъэтхахэм, унагъуэхэм зэгъусэу мэкъумэш продукцэу къалэжьащ псори зэхэту сом меларди 110,7-рэ е 2023 гъэм щыІа бжыгъэхэм процентри 106,6-кІэ хуэкІуэу. Гъавэ, хадэхэкІ зыгъэкІхэмрэ Іэщ гъэхъун ІэнатІэм пэрытхэмрэ а бжыгъэхэр ятебгуашэмэ, япэм процент 58,7-р, етІуанэм – процент 41,7-р къалъос.

КЪЫХЭДГЪЭЩЫНЩИ, япэм щымыІауэ республикэм нэгъабэ къыщрахьэлІэжащ пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракІуэ лІэужьыгъуэу тонн мелуан 1027,2-рэ. 2023 гъэм яхуэзэфІэкІам нэхърэ процент 30,7-кІэ нэхъыбэщ ар. Пхъэщхьэмыщхьэмрэ мэракІуэ лІэужьыгъуэхэмрэ зэхэту гектар 940-рэ ирагъэубыдащ. КІэртІофу къатІыжащ тонн мини 160,7-рэ икІи ар процент 3,9-кІэ нэхъыбэщ абы ипэ ита илъэсым яхуэзэфІэкІам нэхърэ. Зы гектарым хуэзэу центнер 224,1-рэ къытрахащ (2023 гъэм зы гектарым къытекІар 212,2-рэщ).

Республикэм и мэкъумэш ІэнатІэхэмрэ унагъуэхэмрэ зэхэту нэгъабэ кърахьэлІэжар къэдгъэлъагъуэмэ, хьэцэпэцэмрэ джэш хъурейрэ процент 27,7-рэ мэхъу, сэхураныр – процент 41,4-рэ, хадэхэкІхэр – губгъуэмрэ хуабэщхэмрэ къыщагъэкІахэр зэхэту, - процент 57,2-рэ, кІэртІофыр - проценти 6,1-рэ.

КІэртІофу къатІыжам и процент 93,0-р, губгъуэмрэ хуабэщхэмрэ къыщагъэкІа хадэхэкІхэм я процент 40,6-р унагъуэхэм къалъос. Хьэцэпэцэрэ джэш хъурей лІэужьыгъуэу нэгъабэ Іуахыжам и процент 41,5-р, сэхураным и процент 50,1-р мэкъумэш, фермер ІуэхущІапІэхэм къыщагъэкІащ.

2024 гъэм дыгъэгъазэм и кІэхэм ирихьэлІэу къатахэм ятепщІыхьмэ, республикэм и мэкъумэш ІэнатІэм щылажьэ ІуэхущІапІэхэмрэ унагъуэхэмрэ зэхэту яІыгъа Іэщ щхьэ бжыгъэм хагъэхъуащ, 2023 гъэм и апхуэдэ пІалъэм елъытауэ икІи ар мин 279,2-рэ хъуащ (процент 0,7-кІэ). Абы щыщу жэму мини 146,6-рэ (процент 0,2-кІэ), мэлрэ бжэну мин 477,4-рэ (процент 1,5-кІэ). Кхъуэм мин 1,6-рэ (процент 58,2-кІэ), джэдкъазым мелуани 4,3-рэ (проценти 5,6-кІэ) кІэрагъэхуащ.

Іэщрэ джэдкъазу республикэм щаІыгъым и процент 72,2-р унагъуэхэм къалъос, абы щыщу жэм бжыгъэм и процент 68,1-р, кхъуэм и процент 99,2-р, мэлымрэ бжэнымрэ я процент 42,5-р, джэдкъазым и процент 43,7-р унеи лъапсэхэм щаІыгъщ. Мэкъумэш, фермер, унеи ІуэхущІапІэхэм, я щхьэ хуэлэжьэжыну зезыгъэтхахэм къалъос ІэщышхуэбжыгъэмипроцентІ 16,3-р - абы щыщу жэмыр процент 19,6-рэ, кхъуэр процент 0,8-рэ, мэлымрэ бжэнымрэ процент 37,2-рэ, джэдкъазыр процент 11,5-рэ мэхъу.

2024 гъэм къриубыдэу республикэм и мэкъумэш ІуэхущІапІэхэмрэ унагъуэхэмрэ зэхэту къалэжьащ лырэ джэдкъазылу (псэууэ шэчауэ) тонн мини 154,6-рэ е 2023 гъэм яхуэзэфІэкІам проценти 108,5-кІэ хуэкІуэу, шэуэ къашащ тонн мин 619,2-рэ (проценти 103,0-кІэ), джэдыкІэу кърахащ мелуан 266,3-рэ (проценти 103,0-кІэ).

Лырэ джэдкъазылу унагъуэхэм къалэжьар процент 36,9-рэ мэхъу, шэуэ къашар процент 66,8-рэ, джэдыкІэу кърахар процент 83,6-рэ. Лырэ джэдкъазылу, шэрэ джэдыкІэу нэгъабэ яхуэзэфІэкІам щыщу, зэрызэкІэлъыкІуэм хуэдэу, процент 30,2-р, процент 18,2-р, проценти 2,7-р мэкъумэш, фермер, унеи ІуэхущІапІэхэм, я щхьэ хуэлэжьэжыну зезыгъэтхахэм зэхэту къалъос.

2024 гъэм мэкъумэш ІуэхущІапІэхэм зы жэмым хуэзэу шэ килограмм 8729-рэ къыщыщІашащ, 2023 гъэм зэрыхъуу щытар килограмм 8717-рэщ. Зы джэдым хуэзэу джэдыкІэу 209-рэ кърахащ, ипэ ита илъэсым щыІа бжыгъэм хуэдизщ ар.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщІэ

2025 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щІэджыкІакІуэхэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадз зэманым къыпещэ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ - ар къевгъэхьын папщІэ Іэ щыщІэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ ІуэхущІапІэми.

Мази 4-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 721-рэ кІэпІейкІи 4-рэ;

фэ езым пощтым къыщыфщтэжынумэ - сом 658-рэ кІэпІейкІэ 36-рэ.

Ди индексыр П5894

Иджыпсту хуэдэу сощІэж

Зи цІыкІугъуэр зауэм хиубыдахэм сабиигъуэр зищІысыр ямыщІэу къэхъуащ. Апхуэдэхэм бэлыхьрэ хьэзабу яшэчар къыпхуэмыІуэтэщІыным хуэдизщ. ГущІыхьэ пщымыхъуу къанэркъым абыхэм яшэча хьэзабыр жаІэжу щызэхэпхым и деж.

● Зауэм и бынхэр

ДЗЭЛЫКЪУЭ щІыналъэм хыхьэ Каменномост (Къармэхьэблэ) къуажэм, зауэр къэхъеиным куэд имыІэжу, 1940 гъэм къыщалъхуа Шал Борис и адэр пасэу дунейм ехыжащ. Ахэр зэдэлъхузэшыпхъу хъурти, и шыпхъу нэхъыжь цІыкІури илъэс пщыкІу-плІым иту лІащ. И анэ ШэІидэтрэ езымрэ я закъуэ къыщынэм, ШэІидэт и дыщыр зыдэс Дзэлыкъуэдэс къуажэм тІури кІуэжащ. Нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэр а куейм къыщысам, Борис и ныбжьыр илъэсищ хъууэ арат.

- Иджыпсту хуэдэу сощІэж нэмыцэхэр къыщыдыхьар, фашистхэр къэсащ жаІэу, къуажэр зэрыхьзэрийм щыхэхуар. Си анэм сэрэ ди закъуэти, си анэр гужьейри и ІэплІэм сытесу ди гъунэгъум деж срихьэкІауэ щытащ, «абы цІыхухъу щІэсщ, ахэр зэрыхъу дыхъунщ» жиІэри, - игу къегъэкІыж Шалым. - Си нэгум щІэтщ унэ нэщІ хъуахэм, ди дейри яхэту, нэмыцэхэм зэрызыщІагъэзэгъар. Ауэ, ди дзэлІхэм ахэр куэдрэ ди гущІыІу ирагъэтакъым. Ди щІыпІэм къизэрыхьа зэрыпхъуакІуэхэр дахужащ, дэри хуиту дыбэуэжащ. Къуажэр хуит къэзыщІыжа ди зауэлІхэм щыщхэр унагъуэкІэ къытхэтІысхьэри тІэкІурэ къытхэсат. Ди деж щІэса ди сэлэтхэм ящыщ зым си анэм зы фэ кІапэ тІэкІу къритати, абы вакъэ цІыкІу къысхухидыкІауэ щытат. Ари иджыпсту хуэдэу сощІэж, - жеІэ Борис.

- Зауэ нэужь лъэхъэнэр псом нэхърэ нэхъ хьэлъэжт, тшхынрэ щыттІэгъэнрэ дымыгъуэту. А зэманым хадэм кърах тІэкІухэр щІыунэ хуэдэу зэрагъэпэща мащэм иралъхьэу щытащ. Абы кІэртІоф, бжьыныху сыт хуэдэхэр щагъэтІылъырт, щІымахуэ шхыну. Апхуэдэу зауэ нэужьым къуажэм дэсхэм я кІэртІофыр зыщІатІа щІым, щІыІэ дыдэ къэхъури, щІисхьауэ щытат. Зы кІэртІоф хасэнуи яшхыныуи къуажэм дэмылъыжу къэнат. А щІыунэ хуэдэм къыщІатІыкІыжа кІэртІоф щІыІэрысым фэ къытрахыр ягъажьэурэ дагъэшхырт. КІэртІофыфэ гъэжьамрэ гъэш тІэкІумрэ иджыри къыздэсым си Іум илъщ, апхуэдизкІэ ар Іэфlу къытщыхъурт а лъэхъэнэми.

А зэманым дгъэсынымкІи гугъу дыдэ дехьырт. Къуажэм пэгъунэгъуу мэз дыззэримыІэм къыхэкІыу, пхъэ гъэсын къыздитхын щыІэтэкъым. Тхьэмпэ къыпыщэщахэр, мэкъущІэщхэр, нартыху лъэдакъэхэр дгъэсу арат. ЩІыІэм диукІырт. ИтІанэ сигу къэкІыжахэм ящыщщ мыри: си анэр дэкІамэ згъэгуфІэнщ жысІэрти, илъэсибл-илъэсий ныбжьым ситу арагъэнт, губгъуэм сыкІуэрти хьэуазэ къэсхьырт. Абы щыгъуэм хьэуазэ пыпхъуэхэр куэду илът колхоз губгъуэм. Ауэ, къызэрыпшэнрэ къызэрыпхьынрэт щымыІэр. Нэмыцэхэр ди щІыгум ирахужа нэужь, хуэмурэ колхоз-совхозхэр зэфІэувэжу щІидзащ, еджапІэхэри къызэІуахыжащ.

Ди къуажэ еджапІэм а зэманым классий къыщыбух хъууэ арати, епщІанэ классыр къэзыухыну хуейхэр ди гъунэгъу къуажэм дэт школым щІэтІысхьэжырти, илъэситІ къэнам абы сыщеджащ, - жеІэ Борис.

ФІы дыдэу курыт еджапІэр къэзыуха щІалэщІэм а гъэ дыдэм колхозым лэжьэн щыщІидзащ. Абы фІэгъэщІэгъуэнт колхозым и «гъущІышхэр», сытым дежи механизаторхэм яхэтт, зэригъащІэрт тракторхэм я лэжьэкІэр зыхуэдэр.

Ар 1961 гъэм Бахъсэн дэт профтехучилищэ №2-м колхозым и жэрдэмкІэ еджакІуэ ягъэкІуащ. Абы зы илъэскІэ ущеджэу арати, тракторист-машинист ІэщІагъэр иІэу къуажэм къигъэзэжащ. Колхозым тракторхэр щызэпэубыдат а зэманым, ауэ, фІы дыдэу зэгъэпэщыжын хуейуэ зы трактор щыІэти, ар къратащ Шалым. Игури и псэри етауэ гъущІышыр ищІыжри, бжьыхьэсэм ирихьэлІэу хуигъэхьэзыращ.

Абыи, куэдрэ иримылэжьауэ, щІалэщІэм и Іуэху зытетым фІыуэ щыгъуазэ бухгалтер нэхъыщхьэ Хьэмыз Мурадин Шалым къыжреІэ колхоз кассир ІэнатІэр хуит къызэрыхъуар, а ІэщІагъэр имыІэми, Борис хузэхьэну къызэрилъытэр, езыри къызэрыдэІэпыкъунур. «Уи анэм ечэнджэщи, жэуап къызэтыж», - къыжриІати, анэм и арэзыныгъэ хэлъу Борис лэжьыгъэм пэроувэ. Хьэмызым и нэІэм щІалэщІэр щІэту, зыпэригъэува къалэным фІыуэ хищІыкІыу игъэсащ.

Апхуэдэуи, Борис и гуращэт агроном ІэщІагъэр зригъэгъуэтынуи, ари куэд мыщІэу къохъулІэ.

Зи ІэщІагъэр фІыуэ зылъагъу щІалэр ехъулІэныгъэфІхэр иІэу мэлажьэ. Колхозым и пщІэр къеІэт, къуажэдэсхэми фІыуэ къалъагъу, щІым къытрих къэкІыгъэхэр нэхъыбэ зэрищІыным яужь итщ. Ахэр къалъытэурэ, Шалым щІыхь тхылъхэр, ахъшэ саугъэтхэр куэдрэ къратащ. 1981 гъэм нэхъ лъапІэ дыдэу щыІэ «За трудовую доблесть» медалыр къыхуагъэфэщащ. Апхуэдэу лэжьыгъэми жылагъуэ Іуэхухэми жыджэру хэтурэ, и ныбжьыр пенсэм нэсри тІысыжащ.

Борис лэжьыгъэм ехъулІэныгъэу щиІам и фІыщІэ хэлъщ илъэс щэ ныкъуэм щІигъукІэ зыдэпсэуа и щхьэгъусэ Зое (Хьэмызхэ япхъущ, 2017 гъэм дунейм ехыжащ). ЗэщхьэгъуситІым бынибл зэдапІащ, зыхуей хуагъэзащ, ирагъэджащ.

НэхъыжьыфІым дохъуэхъу и сабийхэм я гуфІэгъуэ илъагъуу, я жьантІэм куэдрэ дэсыну.

Тхыгъэри сурэтри **КЪАНКЪУЛ Зазий** *ейщ*.

● Ди газетыр зауэм и лъэхъэнэм

Дзэ Плъыжьым хурагъашэ

Хэку зауэшхуэр щекІуэкІым «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» (иджырей «Адыгэ псалъэ») газетым къытехуа тхыгъэхэм пыдощэ. Нобэ фи пащхьэ идолъхьэ ди республикэм и цІыхухэм фронтым Іут ди зауэлІхэм зэрызыщІагъэкъуам, ахэр зэрыдаІыгъам ехьэлІахэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм зэхуахьэсурэ дзэм хэтхэм ерыскъыхэкІхэр, пхъэщхьэмыщхьэхэр, хадэхэкІхэр, щыгъыныгъуэ, хьэпшып зэмылІэужьыгъуэхэр зэрыхурагъашэу щытам теухуащ мыхэр:

Псэемыблэж зауэлІхэм хурагъэхь саугъэтхэр

- Краснэ Армэм и махуэшхуэм ирихьэлІэу ди Хэкум и хъумакІуэ лІыхъужьхэм саугъэт нэхъыфІхэр хуедгъэхьынщ - Прохладненскэ районым Петровхэ я цІэкІэ щызэхэт сельхозартелым и колхозхэтхэм я общэ собранэм абы хуэдэу унафэ ищІащ.

Махуэ зытІущым и кІуэцІкІэ колхозым щызэхуахьэсащ лыуэ килограмми 10, джэдыкІэу 300, виноууэ литр 80, пхъэщхьэмыщхьэ гъэгъуауэ килограмм 20, абыхэм къищынэмыщІауэ, нэгъуэщІ ерыскъыхэри. Псоми хуэмыдэжу саугъэтхэр зэхуэхьэсыным нэхъыфІу хэлэжьыхьащ комсомолецхэр.

Саугъэтхэр зэхуэхьэсыныгъэр зыкъэІэтыныгъэ ин хэлъу щокІуэкІыр «Заветы Ленина» колхозми. Фронтым ирагъэшэну ягъэхьэзыращ: виноууэ литр 20, джэду 1000, фоуэ килограмми 10, лыуэ килограмми 5, лъэпэд, Іэлъэ хуабэхэу, бэлътокурэ чысэхэу куэд.

Саугъэтхэр зэхуахьэсыныгъэр иджыри йокІуэкІыр.

* * *

Лескенскэ районым и колхозхэтхэм Краснэ Армэм и е 26-нэ махуэшхуэм ирихьэлІэу фронтым Іутхэм хурагъэхьыну саугъэтхэр ягъэхьэзыр.

«Шекер» колхозым щагъэхьэзыращ мэли 2, джэду 100, пхъэщхьэмыщхьэу килограмми 100, щІакІуэ, пыІэ.

Саугъэтхэу куэд адрей колхозхэми щагъэхьэзырхэр. Псори зэхэту зэхуахьэсащ пхъэщхьэмыщхьэу килограмми 150-рэ, джэду 250-рэ, мэли 4, щІакІуэу 2, пыІэхэр, лъэпэд, Іэлъэ хуабэхэр, абыхэм къищынэмыщІауэ нэгъуэщІ хьэпшыпхэри.

1944 гъэ, февралым и 11.

ЗауэлІхэм папщІэкІэ саугъэтхэр

Нальчикскэ районым и гуащІэрыпсэухэм Краснэ Армэр илъэс 26-рэ щырикъум и щІыхькІэ командирхэмрэ красноармеецхэмрэ папщІэкІэ саугъэтхэр зэхуахьэсахэщ. Псом хуэмыдэу Нартан къуажэм зыкъэІэтыныгъэшхуэ хэлъу щекІуэкІащ саугъэтхэр зэхуэхьэсыныгъэр. Махуэ зытІущым и кІуэцкІэ абыхэм зэхуахьэсащ: джэд 200, джэдыкІэу 250, бэлътокурэ тутынылъэу 300, тхъуцІынэу кгр. 20.

Кенжэ къуажэм я колхозникхэм зэхуахьэсащ ІэлъэщІ хуабэрэ Іэлъэу 50, тутынылъэрэ бэлътокуу 120, джэд 20, джэдыкІэу 100, пхъэщхьэмыщхьэу кгр. 50. Саугъэтхэр зэхуэхьэсыным фІыуэ хэлэжьыхьахэщ е 1-нэ бригадэм и бригадир тов. Кештов Мухамед, е 3-нэ бригадэм и бригадир тов. Коноков Таляшэ, колхозницэ-комсомолкэ Унажоковэ Сурачар, е 1-нэ бригадэм и учетчицэ тов. Тлуповэ Жигират икІи нэгъуэщІхэри.

Колхозникхэм гупхэм къатахэм хэмыту езыхэм я цІэкІэ щхьэхуэу боецхэм, командирхэм, генералхэм хурагъэхьыну саугъэтхэр ягъэхьэзыр.

Саугъэтхэр зэхуэхьэсыныр фІыуэ щокІуэкІыр Герменчик къуажэм. Абы щызэхуахьэсащ джэд 25, тхъуцІынэу кгр. 6, лыуэ кгр. 100, бжьын, бжьыныху, пхъэщхьэмыщхьэ куэдхэри къыхахащ. ФІыдыдэу щекІуэкІащ саугъэтхэр зэхуэхьэсыныр е 11-нэ бригадэм (бригадирыр Соблиров Яцущ).

Чернэ Речкэ къуажэм саугъэту зэхуахьэсащ джэди 100, лыуэ кгр. 30, тхъуцІынэу кгр. 8, пхъэщхьэмыщхьэу кгр. 20, бжьыну кгр. 20, абыхэм къинэмыщІауэ нэгъуэщІхэри.

Саугъэтхэр зэхуэхьэсыным фІыуэ хэлэжьыхьахэщ Кенжэ, Чернэ Речкэ, Чегем 1-нэ къуажэхэм я еджакІуэ цІыкІухэр.

Нальчикскэ районым и кІуэцІкІэ зауэлІхэм папщІэкІэ зэхуэхьэса щыхъуащ саугъэту: тхъуцІынэу кгр. 30, джэд 500, джэдыкІэу 500, бэлътокуу, тутынылъэу 600, ІэлъэщІ хуабэрэ Іэлъэу 150, лыуэ кгр. 500, сабын лъапІэ, жьакІэ упс жан, дыху, бжьын, пхъэщхьэмыщхьэ, нэгъуэщІ куэдхэри зэхуахьэсахэщ.

Саугъэтхэр зэхуэхьэсыныр иджыри йокІуэкІ.

1944 гъэ, февралым и 13.

Родинэм и хъумакІуэ хахуэхэм хуагъэхь саугъэтхэр

Краснэ Армэм и зауэлІхэм саугъэтыфІхэр хуагъэхьэзыр Терскэ районым и колхозхэтхэм. Орджоникидзе и цІэкІэ зэхэт колхозым щызэхуахьэсащ лыуэ килограмм 50, джэд 45, тхъуцІынэу килограмм 15, джэдыкІэу 360, хадэхэкІыу килограмми 100, аркъэуэ литр 37, тутыну пачкэ 24, пыІэу 5, Іэлъэрэ лъэпэд хуабэу 80, бэлътокурэ чысэу 120, жьакІэ зэраупс приборхэу 6.

Псори зэхэту районым и кІуэцІкІэ щызэхуахьэсри ирагъэшэну хьэзыр ящІащ лыуэ килограмм 320, джэди 100, джэдыкІэу 700, дагъэу килограмм 50, кхъуейуэ килограмм 32, аркъэуэ литри 105, джэму килограмми 152, бжьынрэ бжьыныхуу килограмм 60, хадэхэкІыу килограмм 356, тутыну пачкэ 48, сабын лъапІэу Іыхьи 120, пыІэу 10, лъэпэдрэ Іэлъэ хуабэу 330, чысэу 110.

* * *

Краснэ Армэм и 26-нэ махуэшхуэм ирихьэлІэу Родинэм и хъумакІуэ хахуэхэм хурагъэхьыну Зольскэ районым и колхозхэтхэм ягъэхьэзыращ лыуэ килограмм 410, джэд 470, тхъуцІынэу килограмм 63, кхъуейуэ килограмми 120, фоуэ килограмм 69, мыІэрысэу килограмм 347, хадэхэкІхэу килограмм 1.380, бжьыну килограмм 298, аркъэуэ литр 38, тутыну килограмм 15, Іэлъэрэ лъэпэду 340.

Саугъэтхэр зэхуэхьэсынымкІэ фІыуэ лэжьахэщ Кировым и цІэкІэ зэхэт, «Большевик» колхозхэр.

* * *

Баксанскэ районым и колхозхэтхэм ерыскъыфІрэ хьэпшыпыфІхэу куэд ягъэхьэзыращ Родинэм и хъумакІуэ псэемыблэжхэм саугъэту хурагъэшэну.

Кировым и цІэкІэ зэхэт колхозым игъэхьэзыращ джэд 65, бабыщи 4, зы мэл, джэдыкІэу 400, мыІэрысэу килограмми 10, хадэхэкІыу килограмми 100, щІакІуэ, бащлъыкъыу 8, пыІэу 10, Іэлъэрэ лъэпэд хуабэу 110, бэлътокурэ чысэу 140, сабын лъапІэу Іыхьи 10, жьакІэупс приборхэу 5, «Индустриализацэ» колхозым щызэхуахьэсащ - джэд 75, джэдыкІэу 280, кхъуейуэ килограмм 15, тхъуцІынэу килограмми 6, фоуэ килограмми 8, мыІэрысэу килограмм 60, хадэхэкІыу килограмми 120, щІакІуи 2, Іэлъэрэ лъэпэд хуабэу 130, абыхэм къищнэмыщІауэ нэгъуэщІхэри.

Псори зэхэту районым щызэхуахьэсащ: джэд 500, мэли 5, тхъуцІынэу килограмм 28, кхъуейуэ килограмм 80, джэдыкІэу 3.000, фоуэ килограмм 30, мыІэрысэу килограмм 400, хадэхэкІыу килограмм 300, тутыну килограмм 16, сабыну Іыхьэ 65, щІакІуэу 4, бащлъыкъыу 13, пыІэу 14, Іэлъэу 280, жьакІэупс приборхэу 30.

1944 гъэ. февралым и 17.

<u>Гу зылъытапхъэ:</u> Тхыгъэм иджырей ди пэжырытхэм, стилистикэм темыхуэ куэд хэтщ, ауэ ахэр зэдмыхъуэкІыжмэ нэхъ тэмэму къэтлъытащ.

Тхыгъэхэр газетхэм къизыхыжар **УЭРДОКЪУЭ Женящ**.

И псалъэм тебгъуэтэжырт

«КъигъэщІар мащІэми, хузэфІэкІар гъунэншэщ» зыхужыпІэ хъунухэм ящыщщ профессор Гъащтэ Абдул. Псэужамэ, адыгэлІ щыпкъэм и ныбжьыр илъэс 90 ирикъунут. И лэжьыгъэкІэ, и щІэныгъэкІэ къехъулІам и гугъу умыщІми, и цІыху хэтыкІэкІэ, и хьэл-щэн екІумкІэ, и гушыІэ дахэмкІэ ар иджыри куэдрэ ягу илъынущ къэзыцІыхуу щытахэм. Абы теухуа гукъэкІыжхэм ущедаІуэкІэ, апхуэдэ цІыху телъыджэр зи гъащІэм хэтахэм уохъуапсэ икІи фІэщ пщохъу «ЦІыхуфІыр гъащІэмащІэщ» псалъэхэм пэж зэрыхэлъыр.

ГЪАЩТЭ Абдул ХьэмотІ и къуэр Аруан щІыналъэм хыхьэ Старэ Шэрэдж (Дохъушыкъуей) къуажэм 1935 гъэм къыщалъхуащ. Курыт еджапІэр ехъулІэныгъэкІэ къиуха нэужь, ар щІэтІысхьащ Дагъыстэн къэрал медицинэ институтым. Ар фІы дыдэу къиухри, и лъахэм къигъэзэжащ икІи Іуащхьэмахуэ щІыналъэ сымаджэщым хирургыу, абы къыдэкІуэуи дохутыр нэхъыщхьэм и къуэдзэу лэжьэн щыщІидзащ. Абы илъэсиплІкІэ щылэжьауэ, Гъащтэр Налшык дэт Республикэ клиникэ сымаджэщым къашэжащ. 1966 гъэм Абдул щІэтІысхьащ Бакулев А. Н. и цІэр зэрихьэу гум, лъынтхуэхэм я хирургием и институту Москва дэтым и аспирантурэм. А еджапІэм 1969 гъэм и кандидат, 1980 гъэм и доктор диссертацэхэр щыпхигъэкІащ.

1969 гъэм щегъэжьауэ Гъащтэ Абдул щылэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым хирургие узыфэхэмкІэ и кафедрэм - ассистенту щІидзэри, медицинэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор, кафедрэм и унафэщІ хъуауэ. Гъащтэм и Іэдакъэм къыщІэкІащ щІэныгъэ лэжьыгъэу 152-рэ, «Щхьэ лъынтхуэхэм лъыр тэмэму щыземыкІуэмэ, хирургием и Іэмалхэр къэбгъэсэбэпу абы узэреІэзэнур» зыфІища монографиер итхащ. Абдул Къэбэрдей-Балъкъэрым япэу щызэтриублащ ангиографиекІэ лъынтхуэ узыфэхэр къэхутэныр. Абы и фІыгъэкІэ ди лъахэм къыщыщІагъэкІ хъуащ сывороткэр, нэхъапэхэм хуэдэу, ар нэгъуэщІ щІыпІэхэм къыщамыщэхуу.

Дохутыр ІэщІагъэр къыхэзыхахэр егъэджэнымкІи Гъащтэм зэфІигъэкІахэм я мыхьэнэр къэлъытэгъуейщ. Нобэ абы и гъэсэнхэм ящыщ куэдым зыпэрыт ІэнатІэм ехъулІэныгъэхэр щаІэу я егъэджакІуэм хиша гъуэгуанэм ирокІуэ. Студентхэм фІыуэ къалъагъурт Гъащтэр, и лэжьэгъухэм я деж пщІэ щиІэт. НэгъуэщІуи ухущытыфынутэкъым а цІыху щыпкъэм. Иригъаджэхэр абы зыщигъэшынэртэкъым, дэтхэнэми гуапэу хущытт, студентым бгъэдэлъ щІэныгъэр гупсэхуу къихутэрт, зыгуэр къагурымыІуамэ, ар зэхэхауэ я пащхьэ ирилъхьэжырт. И лэжьэгъухэрати, псоми я чэнджэщэгъут, дэтхэнэми дэІэпыкъурт, езым ищІ операцэ хьэлъэхэм кІэлъигъэплъурэ, абыхэм щІэ куэд къаригъащІэрт, сытым дежи и щІэныгъэм, Іэзагъэм хигъахъуэу апхуэдэти, абыхэмкІи ядэгуашэрт. Абы и фІыгъэкІэ медицинэ щІэныгъэхэмкІэ кандидат, доктор хъуахэр куэдщ. Ящыгъупщакъым и лэжьэгъуу щытахэми и гъэсэнхэми профессор гуащІафІэр. Абы и щыхьэтщ гу-лъынтхуэ хирургиемкІэ медицинэ щІэныгъэхэмкІэ доктор япэ дыдэу ди республикэм щыхъуа Гъащтэм и фэеплъу щІэныгъэ-практикэ конференцхэр илъэс зэхуэмыдэхэм зэрырагъэкІуэкІар.

Сымаджэхэми езым и бгъэдыхьэкІэ щхьэхуэ къахуигъуэтыжырт а цІыху телъыджэм. Псом япэрауэ, узым зэщІиубыда цІыхум фІэщхъуныгъэ иритыжырт, сытым дежи нэхъыфІым хуэплъэу, гъащІэр фІыуэ ялъагъуу зэрыщытыным къыхуриджэрт.

Медицинэр ІэщІагъэу къыхихами, нэгъуэщІ унэтІыныгъэ куэдми Гъащтэ Абдул хъарзынэу хищІыкІырт. Ар фІы дыдэу щыгъуазэт математикэм, тхыдэм, литературэм. Сыт хуэдэ Іуэху утепсэлъыхьми, уэршэрэгъу гъэщІэгъуэн къыпхуэхъуфынут. ИкъукІэ гурыхуэт. Абы гукІэ ищІэрт Пушкин Александр, Лермонтов Михаил, Некрасов Николай, Есенин Сергей, ЩоджэнцІыкІу Алий, КІыщокъуэ Алим сымэ, нэгъуэщІ куэдми я усэхэр, я тхыгъэхэм щыщ пычыгъуэхэр.

Гъащтэ Абдул и ныбжьэгъухэм ягу къинащ гушыІэ дахэ зыхэлъ, хъыбар жыІэжынкІэ зихуэдэ щымыІэ цІыху нэжэгужэу. «Ар сытым дежи и псалъэм тебгъуэтэжырт. И ныбжьэгъухэм къызэрытхущытыр щІэныгъэлІым хуэдэутэкъым, атІэ цІыху къызэрыгуэкІыут. Іуэху гуэркІэ абы убгъэдыхьауэ зэи укъигъэщІэхъунутэкъым, уи гузэвэгъуэми уи гуфІэгъуэми къыпкъуэувэу апхуэдэт. ЖыпІэнурамэ, цІыхугъэшхуэ хэлът», - жаІэ абыхэм.

И унагъуэм, благъэ-Іыхьлыхэм я дежкІэ ар жьауэшхуэт. «Сыт хуэдэ гугъуехь къытлъыкъуэмыкІами, абы хэкІыпІэ гуэр къызыхуимыгъуэтыф щыІэтэкъым. Дэтхэнэми гуапэу, гущІэгъулыуэ хущытт», - апхуэдэущ ягу къызэринар адыгэлІ щыпкъэр.

Унагъуэ дахи иІэт Абдул. И щхьэгъусэ Александрэрэ абырэ зы щІалэрэ зы хъыджэбзрэ зэдапІащ. Я къуэ Аслъэн адэм и лъагъуэм ирикІуэжащ, и ІэщІагъэкІэ дохутырщ, япхъу Аурикэ УФ-м СтатистикэмкІэ и къэрал комитетым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ къудамэм и унафэщІщ.

Іыхьлыхэм, благъэхэм, ныбжьэгъухэм, иригъэджахэм, къыдэлэжьахэм зыхалъхьэ щымыІэу фІыуэ ялъэгъуа цІыхур, шэч хэмылъу, гуимыхужщ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

● Хьэрычэт ІэнатІэ

Зэхьэзэхуэр зи лъабжьэ

Урысей Федерацэм и хьэрычэт ІэнатІэ мащІэмрэ курытымрэ (МСП) щылажьэхэр цІыху мелуан 30-м ноблагъэ. Языныкъуэ щІыналъэхэм я цІыхухэр лэжьыгъэкІэ нэхъыбэу къызэзыгъэпэщыр ахэрщ.

АПХУЭДЭУ щыхъукІи, иужьрей илъэсихым къриубыдэу, лъэпкъ пэхуэщІэхэр ягъэзэщІэн зэрыщІадзэрэ, хьэрычэт ІэнатІэ мащІэмрэ курытымрэ я бжыгъэм мин 550-м нэблагъэ къахэхъуащ. «Урысейм и щІэгъэкъуэн» зэгухьэныгъэм илъэс къэс иригъэкІуэкІ зэІущІэм ар щыжиІащ УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Решетников Максим.

А ІэнатІэхэр дэІыгъыным ехьэлІа лъэпкъ пэхуэщІэр зэрырагъэжьэрэ яхузэфІэкІахэм щытепсэлъыхьым министрым къыхигъэщащ МСП-м и ехъулІэныгъэхэм ящыщу хэхъуэу псори зэхэту сом триллиони 140,5-м нэблагъэ къызэрилэжьар (лъэпкъ пэхуэщІэр ирагъэжьэн ипэкІэ щыІа бжыгъэхэм нэхърэ процент 75-кІэ нэхъыбэщ ар).

Апхуэдэуи Решетниковым жиІащ бизнесым зыщІэгъэкъуэнымкІэ зыуэ щыт системэ зэрызэтраухуар, хьэрычэт ІэнатІэ мащІэмрэ курытымрэ щылажьэ ІуэхущІапІэхэр, технологиерэ информатизацэрэ я лъэныкъуэкІэ ахэр къызэрызэгъэпэщар зэхэгъэкІауэ, дэІэпыкъуныгъэу зыхуэныкъуэхэм я куэдагъми тещІыхьауэ.

«Лъэпкъ пэхуэщІэм щызэхуэхьэсащ хьэрычэт ІэнатІэ мащІэмрэ курытымрэ мылъку и лъэныкъуэкІэ сыт хуэдэ щІыкІэкІэ защІэбгъакъуэ хъунуми, абыхэм я инагъыр, я зэфІэкІыр, зыужьыкІэр, зыпэрыт лэжьыгъэр къэлъытауэ. Абы хохьэ грантхэр, микрозаймхэр, зэрыхудачых Іэмалхэр зиІэ кредитхэр, лизингхэр, кредитхэм пэкІуэ субсидиехэр, нэгъуэщІ къэрал дэІэпыкъуныгъэхэри.

Псори къэбгъэлъагъуэмэ, хьэрычэтыщІэу мелуан 0,5-м нэблагъэм финанс дэІэпыкъуныгъэм хыхьэу сом триллиони 8-м нэблагъэ иратащ», - къыхигъэщащ Решетников Максим.

Хьэрычэт ІэнатІэ мащІэмрэ курытымрэ дэІыгъынымкІэ щыІэ программэр 2025 гъэм мэлажьэ «Зэхьэзэхуэр зи лъабжьэ экономикэ лъэщ» лъэпкъ пэхуэщІэм ипкъ иткІэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

КъыщІагъэщащ

● УФСБ-м къет

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм, Урысей МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэм, КъБР-м щыІэ МВД-м, Финанс мониторингымкІэ КИФЩІ-м щыІэ федеральнэ къулыкъум и щІыналъэ управленэм я лэжьакІуэхэм къыщІагъэщащ коммерческэ ІуэхущІапІэм и унафэщІым зэрихьэ хабзэншагъэр.

А хьэрычэтыщІэм, 2020 - 2023 гъэхэм къриубыдэу КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм дэфтэр нэпцІхэр щІилъхьащ лэжьыгъэм тригъэкІуэдам щыщ Іыхьэр къаІихыжын мурадкІэ. Абы къерикІуащ сом мелуан 71-м щІигъу хэщІыныгъэ.

Уголовнэ Іуэху къаІэтащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 4-нэ Іыхьэм ипкъ иткІэ. Хабзэм къызэригъэувымкІэ, апхуэдэ щІэпхъаджагъэ зылэжьар илъэси 10-м нэскІэ ягъэтІыс.

Дунейм щыхъыбархэр

Дзыхь нэхъыбэ зыхуащІхэр

«Жылагъуэ еплъыкІэ» фондым къызэритамкІэ, Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир дзыхь ирагъэз Урысейм щыпсэухэм я процент 80-м.

КЪЭХУТЭНЫГЪЭХЭМ къызэрагъэлъэгъуамкІэ, языныкъуэхэм къалъытэ урысей лІыщхьэм къэралым къылъыкъуэкІ гугъуехьхэр ехъулІэныгъэкІэ зэфІихыу икІи адэкІи и къулыкъум хъарзынэу ехъулІэу зэрыпэрытынум шэч къытрахьэркъым. НэгъуэщІ зы гупым къыхагъэщащ мы зэманым абы и пІэ иувэфын, къэрал политикэр абы хуэдэу лъэщу зезыгъэкІуэфын щымыІэу къызэралъытэр. Урысейм и цІыхухэм я процент 75-м къыхагъэщ УФ-м и Президентым цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкІуэкІыр икІи а Іуэхум хъарзынэу зэрехъулІэр.

Урысей Федерацэм и Правительствэм и лэжьыгъэм арэзы къищІхэр процент 53-рэ мэхъу, премьер-министр Мишустин Михаил дзыхь хуащІ къэралым и цІыхухэм я процент 57-м. Партхэм я гугъу пщІымэ, нэхъыбэу къыхагъэщыр «Урысей зэкъуэтырщ», жылагъуэм и процент 54-м абы иригъэкІуэкІ Іуэхухэм дагъуэ хуащІыркъым.

Бзэхэр мэкІуэдыж

Адрей къэралхэм елъытауэ, Урысейм бзэхэр нэхъ псынщІэу щыхокІуэдэж. ЩІэныгъэхэмкІэ урысей академием БзэщІэныгъэмкІэ и институтым и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыжь Коряков Юрий къызэригъэлъагъуэмкІэ, дунейм щызекІуэ бзэхэм я процент 1,5-р ди къэралым къыщагъэсэбэп. Абы щыгъуэми 21-нэ лІэщІыгъуэм дунейм текІуэдыкІыжа бзэхэм я проценти 7-р щыхэкІуэдэжар Урысейрщ.

«20-нэ лІэщІыгъуэм ди къэралым щызекІуэ бзэхэм я проценти 3,5-р къамыгъэсэбэпыж хъуамэ, иджырей лъэхъэнэм бзэ щымыІэжхэм хуэдитІкІэ къахэхъуащ. Къапщтэмэ, дуней псом елъытауэ ди къэралым а Іуэхум, ди жагъуэ зэрыхъунщи, нэхъ псынщІэу «зыщеужь»», - жиІащ щІэныгъэлІым.

Мы зэманым Урысейм бзи 155-рэ щызокІуэ, абыхэм ящыщу 25-м республикэ 19-м къэрал мыхьэнэ щаІэщ.

Тыкуэнхэм я хьэпшып гъэлъэгъуапІэхэм къытратхэхэр, ІуэхущІапІэхэм я фІэщыгъэхэр урысыбзэкІэ фІэкІа къамыгъэлъэгъуэну къыхалъхьа унафэм и проектыр Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм япэ еджэгъуэм къыщащтащ мазаем и 11-м. Депутатхэм я мурадщ «coffet», «fresh», «sale», «shop», «open» хэмэ къэралыбзэхэр гъэлъэгъуапІэхэм къыщрамыгъэгъэсэбэпыну.

Мазаем и 20, *махуэку*

♦ЦІыхухэр зэхуэгъэдэным и дунейпсо махуэщ

♦1975 гъэм Хьэуам зыщыхъумэжынымкІэ дзэхэм я махуэр ягъэуващ.

♦1940 гъэм Налшык къалэм ІэфІыкІэ щащІ фабрикэ къыщызэІуахащ.

♦1897 гъэм къалъхуащ адыгей тхакІуэ **Теувэж Хьэбиб**.

♦1935 гъэм къалъхуащ медицинэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта **Гъащтэ Абдул**.

♦1942 гъэм къалъхуащ композитор, УФ-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м и цІыхубэ артист, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат, жылагъуэ лэжьакІуэ **ХьэІупэ ДжэбрэІил**.

♦1951 гъэм къалъхуащ генерал-лейтенант, экономикэ щІэныгъэхэмкІэ кандидат, Москва и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгейм и щІыхь» медалыр зрата **Дзыбэ Мусэ**.

♦1952 гъэм къалъхуащ Адыгэ Республикэм, КъБР-м щІыхь зиІэ я артисткэ **БжэІумых Барисэт**.

♦1979 гъэм къалъхуащ «Іуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретарь, «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщІ **Истэпан Залинэ**.

<u>**Дунейм и щытыкІэнур**</u>

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэс къыщесынущ. ЩІыІэр махуэм градуси 7, жэщым градуси 10 - 8 щыхъунущ.

Мазаем и 21, *мэрем*

♦Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэщ

♦Экскурсиер езыгъэкІуэкІым и дунейпсо махуэщ

♦1819 гъэм Санкт-Петербург къэрал университетыр къызэІуахащ.

♦1920 гъэм Урысейр электрификацэ щІынымкІэ и къэрал комиссэр (ГОЭЛРО) къызэрагъэпэщащ.

♦1922 гъэм къалъхуащ шапсыгъ тхакІуэ цІэрыІуэ **Лоховицкий Михаил (Аджыкъу-Джэрий)**.

♦1932 гъэм къалъхуащ биологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, УФ-м, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, Урысей академием и член-корреспонденту щыта **Тембот Аслъэнбий**.

♦1949 гъэм къалъхуащ къэфакІуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Нэгъуд Борис**.

<u>**Дунейм и щытыкІэнур**</u>

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэс къыщесынущ. ЩІыІэр махуэм градуси 9 - 8, жэщым градус 13 - 10 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ**.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Зэкъуэш псори зы анэм къилъхуркъым.

Экономикэ · Политикэ
Махуэку
Кавказ Ищхъэрэ · Жылагъуэ Iуэху

Будапешт къызэращтар

Хэку зауэшхуэм и тхыдэм щыгъуазэхэм гу лъатагъэнущ советыдзэм европей щыхьэрхэр бийм къызэрыIэщIигъэкIыжам и саулыкъукIэ къыдагъэкIа медалхэм дэтхэнэми ехьэлIауэ «...хуит къызэращIыжам папщIэ» псалъэхэр зэрытетым. Псоми, Будапешт фIэкIа къэмынэу. Мыбдежым дыкъыщоджэ: «Будапешт къызэращтам папщIэ» псалъэхэм. А зэщхьэщыкIыныгъэр ауэ сытми къэхъуакъым икIи абы и щхьэусыгъуэм лъабжьэ иIэщ. Зи гугъу тщIы Iуэхур зэрекIуэкIрэ мы махуэхэм илъэс 80 ирокъури, дэ къэтлъытащ ар дигу къэдгъэкIыжын хуейуэ. Нэхъ жыжьэ къыщыщIэддзэнщ.

ЯПЭ дунейпсо зауэм Австро-Венгрие империер хыхьащ Германием и лъэныкъуэу икIи лъэщу. 1918 гъэм къыхагъэщIа иужь империер лъэлъэжащ икIи абы Венгриер (адыгэхэр «мэжэркIэ» дызэджэр) абы къыхэкIыжащ лъэрымыхьу икIи и щIыналъэм и нэхъыбэр фIэкIуэдауэ. ЦIыхухэм я мыарэзыныгъэр зэщIэплъащ. Утыку къихьа коммунистхэм властыр яубыдри, Совет республикэ къызэрагъэпэщащ. АрщхьэкIэ абы и пашэ Кун Белэ гущIэгъуншэу зыкъигъэлъэгъуащ икIи игу иримыхьхэр зэтриукIащ. ЩытыкIэр къигъэсэбэпри, къэралыр 1920 гъэм Iэрыхьащ илъэс 24-кIэ ар зыIэщIэлъа адмирал Хорти Миклош.

ЩIэадмиралыр ямыщIэ (Венгриер тенджызи хыи я Iуфэхэм Iускъым) а цIыхум и цIэм иужькIэ ирапхащ къэралым къыщыщIа мыгъуагъэ псори.

Игъэува хабзэр залымыгъэм тещIыхьат. Псом хуэмыдэу зыхуэлъэри коммунистхэрт. Ауэ япэщIыкIэ фашизмэм и гупсысэхэр игу ирихьакъым. 1936 гъэм Гитлер япэу щыхуэзам абы ар къилъытащ къэвэрей гуэру. АрщхьэкIэ, зэман дэкIри, 1938 гъэм КъухьэпIэр нацист Германием зэрыгурыIуахэм яужькIэ, Гитлер и ныбжьэгъу пэж хъуащ зэуэ икIи и жьауэм щIэуващ: абы къигъэгугъат Венгрием щIыналъэшхуэхэр кърритыну. Дауи, и гъунэгъухэм я хьэкъкIэ. А гъэ дыдэм Хорти фюрерым хуитхащ: «Хэт республикэхэр гуэбгъэкъэбзыкIмэ, Урысейр зыми имыщIысыж къэралу къэнэнущ, бубыдынри зыми щыщкъым. ИтIанэ и щIыналъэ абрагъуэр захуагъэ хэлъу бгуэш хъунущ.

1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м фашист Германиер Совет Союзым къызэрытеуар Хорти и дежкIэ гуфIэгъуэу щытащ, зимыIэжьэуи, мэкъуауэгъуэм и 27-м, Венгрием и СССР-м зауэ кърищIылIащ. КъуэкIыпIэ фронтым игъэкIуащ, етIуанэ армэр я пашэу, дзэ гуп. ЯпэщIыкIэ нэмыцэхэм мэжэрхэр къагъэсэбэпащ гъуэщI гъуэгухэр, нэхъ мыхьэнэ ин зиIэ псэуалъэхэр ирагъэхъумэн, мэзхэм зыщызыгъэпщкIуа партизанхэм ираущтын папщIэ. ЖыIэн хуейщ ахэр егъэлеяуэ гущIэгъуншэу къызэрыщIэкIари. Ауэ Сталинград и деж щекIуэкIа зауэзэрылIым хамышэу хъуакъым. Абдеж кIэмужыр къащыхуэкIуащ: Венгрием фIэкIуэдащ и зауэлIхэм я Iыхьэ щанитIыр. Хорти къыгурыIуэжауэ къыщIэкIынт зэрыкIэригъэсхьар: абы зауэм къыхэкIыжын мурадкIэ запищIэу хуежьащ Инджылызымрэ США-мрэ я тIасхъэщIэх IэнатIэхэм. АрщхьэкIэ къищIэри, Гитлер ар къыжьэдикъуащ: абы и къапхъэным укъикIыфынутэкъым. Ауэрэ Хорти дзыхь къыхуимыщIыжыххэ хъуащ, ар тригъэкIащ, икIэмикIэжым нэмыцэIуэм иригъэшащ.

Мис апхуэдэ щытыкIэм иту советыдзэр 1944 гъэм дыгъэгъазэм и кIэм Венгрием и щIыналъэм ихьащ. Генерал Малиновский Родион и унафэм щIэт 2-нэ армэр псынщIэ дыдэу ебгъэрыкIуэу хуежьащ. Мыгувэу абы къэралым и Iыхьэ щанитIыр хуит къищIыжащ. Къапэплъэрт Будапешт. Сталин Иосиф унафэ ищIат ар замыгъэгувэу къащтэну. Ауэ ар апхуэдэу тыншу къыщIэкIакъым. Малиновскэм и армэмрэ ар зыхыхьэ 3-нэ Украин фронтымрэ (унафэщIыр Совет Союзым и Маршал Толбухин Федорт) иджыри къэс нэгъуэщI зы щIыпIи зыщыIумыуа лъэпощхьэпо къапэплъэрт.

Бийм мыбы щызэщIигъэуIуат къарушхуэ дыдэ. Вермахтыр, я лъахэр яхъумэну зи гугъэ мэжэрхэр, зэрахьа бзаджэнаджагъэмкIэ зызымыгъэнщIа СС-м хэтхэр лIэн-къэнэну къапэщIэуват. ЕтIуанэ дунейпсо зауэм и танк нэхъ хьэлъэу щыта «Тигрхэр» апхуэдизкIэ куэдти, зы километрым 60-70 хуэзэу къебгъэрыкIуэрт, топхэр жэщи махуи увыIэртэкъым, кхъухьлъатэхэри къадэIэпыкъурт. Езы бийхэр жэщкIэ уэзыгъэлъагъу IэмэпсымэхэмкIэ зэщIэузэдати (ахэр а щIыпIэм дунейм щыяпэу къыщагъэсэбэпащ), ди зауэлIхэм хэщIыныгъэшхуэ кърапырт. ЖыпIэну ирикъунщ зы жэщ-махуэм дыдейхэм ящыщу цIыху мин-минрэ щитхурэ, язынныкъуэхэм деж минитIым нэс зэрыхэкIуадэр. Захъумэ къудейтэкъым, атIэ икIи къебгъэрыкIуэрт, фронтыр километр 30-кIэ къыщызэпратхъыжи щыIащ, ауэ адэкIэ къэкIуэтэфакъым. Езы къалэм и екIуэлIапIэхэр ягъэбыдат кууэ датIыкIа кIэнауэмкIэ, бетон гъэжахэм хэт дзотхэмкIэ. Гитлер быдэу унафэ яхуищIат къимыкIуэтыну. Ар щыгугъырт Будапешт къамыщтэфыным, абдежи зауэм и екIуэкIыкIэм езым и фейдэ хэлъу зихъуэжыным.

ЖыIэн хуейщ езы Будапешт Iыхьитху гуэшауэ Дунай псышхуэм и IуфитIым зэрыIусыр. Ди дзэзешэхэм я Iэзагъымрэ зауэлIхэм я хахуагъэмрэ я фIыгъэкIэ 1945 гъэм щIышылэм и 20-м къащтащ къуэкIыпIэ лъэныкъуэм хуэзэ Пешт - ар нэхъ тафэм тест. Адрей Iуфэр бгылъэт икIи курыт лIэщIыгъуэхэм ящIа быдапIэ лъэщхэм яхъумэрт. Нэмыцэхэм лъэмыж псори зэтракъутыкIа Дунай зэпрыкIри, ди дзэхэр Будэ ебгъэрыкIуащ. Зэхэуэ гуащIэхэр махуипщIкIэ екIуэкIащ. Унэшхуэхэр апхуэдизу зэхакъутати, я къутахуэхэм уэрамхэр хагъэгъуэщэжат. Дэнэ щIыпIи щыIэт яукIахэмрэ уIэгъэ хъуахэмрэ. Иужьрейхэм зыри ядэIэпыкъуртэкъым. Дыгъэр щIиуфат Iугъуэмрэ гъуэзымрэ. Ауэ зызыхъумэхэм зы хэкIыпIи къахуэнэжатэкъым. Абыхэм шэхэри, ерыскъыри, псори яIэщIэухат. АрщхьэкIэ затыну Гитлер хуит ищIыртэкъым: абы къыгурыIуэрт Будапешт къащтэмэ, Берлин зэрахуэмыIыгъынур. Ауэ тхыдэм езым и унафэ ищIат. ЩIэпхъуэжын хуей хъуащ. Ауэ къэзыухъуреихьахэр зэпратхъыу Австрием и щIыналъэм нэсыфахэр мащIэщ.

Мыри. Хорти и зэманым Венгрием апхуэдизу щахуэлъэтэкъым журтхэм, арщхьэкIэ иужькIэ жыхьэнмэм ихуащ. ЦIыху мин 400-м щIигъу зэхуахусри нэмыцэIуэхэм яшащ, вагонхэр яхурикъуртэкъыми, лъэсу зыкъом ирахужьащ. Ахэр къелакъым, ауэ яукIыну хунэмысахэу цIыху мин 70 хуэдиз совет зауэлIхэм ажалым къыIэщIахащ.

Хэку зауэшхуэм и гугъу щащIкIэ тхыдэджхэм ар лъэхъэнищу ягуэш хабзэщ: Сталинград и деж зауэм зыкъыщызэридзэкIащ СССР-м и фейдэ хэлъу, Курск зауэзэрылIым иужькIэ псоми къагурыIуащ Ещанэ рейхыр зэрыхагъэщIэнур, Будапешт къигъэлъэгъуащ абы и псэр зэрыхэкIыр.

Хорти и гугъу пщIымэ, ар нэмыцэIуэм кърагъэкIыжащ американцхэм. Сталиным зэхэзехуэн ищIакъым илъэс 79-рэ зи ныбжь лIыжьыр. Езыр Португалием Iэпхъуэри, абы щылIащ икIи хуеякъым езыр зытеплъэ мыхъуа коммунистхэм унафэ щащI социалист Венгрием игъэзэжыну.

Хьэршым щызэраха сэлам

Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я президенту Трамп Дональд хахыжа иужь аргуэру гугъапIэхэр къыкъуэкIащ США-мрэ Урысеймрэ я зэхущытыкIэхэм захъуэжынымкIэ, ахэр мы зэманым зэрызэщыIеям къикIынымкIэ. Пэжщ, абы и Iэтащхьэ хъуар цIэрыIуэщ и Iуэху еплъыкIэхэр щIэх-щIэхыурэ зэрихъуэжымкIэ, жиIам щытрамыгъуэтэж къызэригъэхъумкIэ, ауэ ди къэралитIым я зэхущытыкIэхэри зэIыхьа зэпыту щIекIуэкIыни щыIэкъым. КъэралитIыр егугъумэ, мы Iуэхур и пIэ ирагъэкIыфынущ. Абы щыхьэт тохъуэ тыдэр.

«ТКIИЯГЪЫР къэгъэщэбэн» - а псалъэхэр блэкIа лIэщIыгъуэм и 70 гъэхэм куэдрэ къагъэсэбэпу щытащ политикхэмрэ журналистхэмрэ я мызакъуэу, цIыху къызэрыгуэкIхэми. Иджы, мис, тхыдэм къигъэзэж хуэдэщ. Псом хуэмыдэу Путин Владимиррэ Трамп Дональдрэ зэхуэзэну щызэгурыIуа мы зэманым апхуэдэ гугъэ уегъэщI.

Дауэт атIэ нэхъапэм Iуэхухэр зэрекIуэкIар?

Зи гугъу тщIы лъэхъэнэм Совет Союзымрэ США-мрэ къарукIэ зэхуэдэ хъуат. Кариб къаугъэм къигъэлъэгъуат, лъэныкъуитIыр зэпэщIэувэмэ, дунейр къутэжынкIэ шынагъуэ къызэрыкъуэкIар. Абы зыри хуейтэкъым. 1969 гъэм Финляндием и къалащхьэ Хельсинки щыщIидзащ Стратегие Iэщэхэр гъэмэщIэным (ОСВ) теухуа зэпсэлъэныгъэхэм. 1972 гъэм и накъыгъэм СССР-м къэкIуа америкэн президент Никсон Ричардрэ СССР-м и унафэщI Брежнев Леонидрэ Москва Iэ щытрадзащ ОСВ-1 зэгурыIуэныгъэм.

Апхуэдэхэм деж зэрыхъу хабзэщи, абыхэм зэраухылIащ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щызэдэлэжьэну. Абыхэм ящыщщ мамыр мурадхэмкIэ хьэршыр къэхутэным икIи къэгъэсэбэпын и лъэныкъуэкIи зэдэлэжьэным теухуауэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэри. Абы гъэщIэгъуэни хэлътэкъым: а зэманым США-мрэ СССР-мрэ хьэршми ткIийуэ щызэпэщIэтт, дэтхэнэми ефIэкIыныгъэ щызригъэгъуэтыну хущIэкъуу. Зыкъомрэ ди къэралыр япэ итат: япэу цIыху хьэршым игъакIуэт, Леонов Алексейт кхъухьым икIыу япэу космос зэIухам хыхьар. Ауэ 1969 гъэм америкэнхэр Мазэм щитIысыкIа иужь къахь ехъулIэныгъэхэмкIэ зэлъэщIыхьэжат. ИкIи илъэсищ дэкIа иужь зэгурыIуащ яутIыпща совет, америкэн космос кхъухьхэр хьэршым щызэIуагъащIэу щызэпащIэну, апхуэдэу абы и цIыхухэр зым икIыу адрейм ягъэкIуэну.

Ауэ узэгурыIуэныр зыщ, абы итыр бгъэзэщIэныр нэгъуэщIщ. Ар къалэн гугъу дыдэт. КъэралитIым я IэщIагъэлIхэм зэфIагъэкIын хуей хъуащ кхъухьхэр абы хуэгъэхьэзырыным егъэщIылIа IуэхугъуэщIэ куэд.

КъыщыщIадзащ кхъухьхэр зэпызыгъэхьэну Iэмэпсымэ щIыным, зым икIмэ, адрейм зэрыкIуэнур. Ар IыхьитIу щытын хуейт- зыр «Союз»-м, адрейр «Аполлон»-м пылъу.

Нэхъ тыншткъым космонавтхэмрэ астронавтхэмрэ зэрыбауэ хьэуар зэгъэкIунри. Пэжщ, пэжщ: дыдейхэмрэ американхэмрэ зыжьэдашэ жьыр зэтехуэртэкъым - япэхэр зэрыбауэр щIы щхьэфэм щызекIуэ хьэуарт, мыдрейхэм къагъэсэбэпыр зэхуэхуса кислород къабзэрт. Апхуэдэ щытыкIэм хуэщIат кхъухьитIым ярыт Iэмэпсымэхэри. ЗэрагъэкIуащ.

Абдежи щыувыIэртэкъым. Совет космонавтхэм я фащэхэр «Аполлон»-м и кIуэцIым ит кислородым емызэгъыу къыщIэкIащ: мафIэ къащIэнэнкIэ шынагъуэт, ар зэрыщыкуэдыщэм къыхэкIыу. Ди IэщIагъэлIхэм пIалъэ кIэщI дыдэм абы пэщIэтыфыну полимер къагупсысащ. Абы къыхащIыкIа щэкIымкIэ яда щыгъынхэмкIэ яхуэпащ уэгу жыжьэм ягъакIуэхэр.

Сыт хуэдэ гугъуехьхэри яфIэфIу къызэранэкIырт, къапэщыт Iуэхум и мыхьэнэр къагурыIуэрти. ИкIи, мис, зэманыр къэсащ. 1975 гъэм накъыгъэм и 15-м «Байконур» космодромым телъэтыкIащ Леонов Алексейрэ Кубасов Валерэрэ зэрыса «Союз-19» кхъухьыр. Сыхьэт 22-рэ дакъикъэ 50-м Канаверал щIыпIэм щылъэта Стаффорд Томас, Бранд Вэнс, Слейтон Дональд сымэ зэрагъакIуэ «Аполлон»-м ардыдэр ищIащ.

КхъухьитIым зызэпащIа иужь люкхэр зэIукIри, абыхэм я унафэщIхэу Леоновымрэ Стаффордрэ я Iэхэр зэрыубыдащ. Уэгу жыжьэм щыщыIа зэманым ахэр плIэнейрэ зэкIэлъыкIуащ. Зэгъусэу къэхутэныгъэ зыбжанэ ирагъэкIуэкIащ, ауэ абыхэм щIэныгъэм и дежкIэ гу зылъыптэн мыхьэнэ гуэри яIакъым: мыбдеж щынэхъыщхьэр зэныбжьэгъугъэрт!

Мы Iуэхум къигъэлъэгъуащ: хуеймэ, лъэныкъуитIыр зэгурыIуэфынущ, щызэдэлэжьэну IэнатIэхэри гъунэжщ.

● Гукъэкlыж

ЛIы бланэ щыпкъэт

«Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм щIэх-щIэхыурэ къыщIохьэ Къэбэрдей-Балъкъэрми Урысей Федерацэми гырэ къэIэтынымкIэ щылъэрызехьэу илъэс куэдкIэ къекIуэкIа, спортым «лъэпкъ лIэужьыгъуэхэмкIэ» и мастер Гъуэтыж БетIал.

- Ар хуейт фIыкIэ зи цIэ къитIуэну зыхуэфащэ, 1987 гъэм дунейм ехыжа, ныбжьэгъуфIу диIа, 1976 гъэм РСФСР-м спортымкIэ и мастер цIэ лъапIэм зыхуагъэфэща Жамбей Музэриф Iэсхьэд и къуэм дытетхыхьыну.

- Музэрифрэ уэрэ дауэ фызэрихьэлIат, БетIал?

- Республикэм и адрей щIыпIэхэми хуэдэу, Бахъсэн къали щыдиIэт «ДСО Урожай» спорт зэгухьэныгъэ. Зэхьэзэхуэхэр щекIуэкIыну пIалъэм щыгъуазэ дыхуэзыщIри а IэнатIэрат. СхужыIэнущ Къэбэрдей-Балъкъэрым а лъэхъэнэм гырэ къэIэтынымкIэ щекIуэкIа зэпеуэхэм Бахъсэн районым щыщхэм япэ увыпIэхэр зэпымыуууэ къыщытхьауэ. Ауэрэ, Кавказ Ищхъэрэм щызэхашэ зэхьэзэхуэхэми дагъакIуэу яублэри, абыхэми бжьыпэр мызэ-мытIэу къыщытхьат. 1970 - 1972 гъэхэм зи гугъу сщIы зэпеуэхэм я нэхъ гуащIэгъуэт. Сэри 1970 гъэм армэм сыкъикIыжа иужь, спортым нэхъри сыдихьэхат. Жамбей Музэрифи а лъэхъэнэращ къыщысцIыхуар. Езы Музэриф си япэжкIэ спортым хыхьауэ щытащ. 1960 гъэхэм къыщыщIэдзауэ гырэ къэIэтынымкIэ зыри къытемыкIуэу къызэрекIуэкIами сыщыгъуазэщ. Кавказ Ищхъэрэм хыхьэ хэгъэгухэм щрагъэкIуэкIа зэхьэзэхуэхэм я зым Къэбэрдей-Балъкъэрым япэ увыпIэр къыщихьауэ щытащ.

- Абы теухуауэ уигу нэхъ къинахэм ящыщу сытым утепсэлъыхьынт?

- Къыхэзгъэщыну сыхуейщ мыпхуэдэу. Ди зэхуэсыгъуэ къэси, щIалэхэр абы елъэIурт: «Музэриф, уи IэблитIыр укъуэдийт!». АфIэкIа хэмылъу къэтэджынти, лъэныкъуэ зырызымкIэ ишия и IитIымкIэ пут тIурытIыр иIыгъыу къэувынт.

- Ар дапхуэдизкIэт пIыгъын зэрыхуейр?

- Зы пIэ зэрибубыдэфар бгъэнэрылъагъун хуэдэу, секунди 3 - 4-кIэ. КъэувыIэрт, иIыгъырти, иридзыхыжырт. Гугъут, зыми хуэщIыртэкъым ар. Бахъсэн дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм дыкIуащ зэгуэрым. И кIуэцIым цирк къыщагъэлъагъуэрт. Шэджэм щыщ си гугъэжщ ар, Хьэшырхэ я щIалэ нэкIуат, цирк Iуэхухэм хуэIэзэу. Билет къэтщэхури дыщIыхьащ. Музэрифрэ дэрэ дызэбгъурыст. Дыздеплъым, циркачым гъущI Iунэхэр IэдакъэкIэ хеукIэ, цепхэр зэпеуд, нэгъуэщI «телъыджэхэри» дегъэлъагъу, ауэ гырэр зэрыIыгъыпхъэу худэIэтейртэкъым, «крест» жыхуаIэр хуэщIыртэкъым. Музэриф абы къигъэгубжьат, «сыт щIыхузэтемыIыгъэр?» жиIэу. Ныбжьэгъум зыкъытриIэтыкIыу хуежьати, сэ хуэздатэкъым, «увыIэт, ар абы и щIакхъуэщ!» жесIэри.

- НэгъуэщI сыт уигу къинэжа, БетIал, а щIалэм теухуауэ?

- Республикэм дилъэтыкIащ Ахъы Хьэсэн (гырэ къэIэтынымкIи штангэмкIи спортым и мастерщ), Жамбей Музэриф, сэ, Липецк е Тамбов, сщIэжыркъым, дыкIуэу. Урысейм гырэ къэIэтынымкIэ зэпеуэ щекIуэкIыну арат. Кхъухьлъатэ дызэрысыр «Як-40» жыхуаIэрати, тхьэкIумэ Iупсыр Iуичыным хуэдизу макъышхуэ ищIырт. Мо тIур зэдэуэршэрырт, къызэрырадзэ щымыIэу. Сэ пщIэнтIэпсыр къызэжэхырт, къаруи-псэруи къысхимынэжауэ. АрщхьэкIэ сукIытэрти, закъезгъащIэртэкъым. Сытми, дынэсщ абыи, ди хьэпшыпхэр зэрыдгъэтIылъу, Ахъым зыкъызэкъуихри, «дышхэну хьэмэрэ зэпеуэр щекIуэкIыну пэшым дыIуплъэну?» жиIащ. «Уэлэхьи, япэщIыкIэ дыплъэнщи, итIанэ хуиту дышхэнмэ!» пидзыжат Музэриф.

СпортымкIэ уардэунэр тпэжыжьэтэкъыми, декIуэкIащ. Си щхьэр къэсщтэнщи, кхъухьлъатэу дызэрысам сызэрызэхиукIам къыхэкIыу, си лъакъуэхэр щIэщIэу сезэшат.

Дынэсщ, бжэр Iутхри, деувэкIащ. Тщыгъыр къызэрыгуэкIт, модрейхэр спортым хуэщIахэмкIэ зэщыхуэпыкIат. ДызрихьэлIахэр ямылейуэ IэпкълъэпкъпIащэ зиIэхэт, иужьым къызэрыджаIэжамкIэ, чемпион защIэт - хэти олимп джэгукIэхэм къыщыхэжаныкIауэ, мыдрейхэри Европэм, дуней псом щытекIуауэ. Иужьым зэрызэхэтхыжамкIэ, а гупыр штангэм хуэIэзэти, «гырэ къэIэтынымкIи дащытекIуэнкъэ?» жаIэу, къызэрыхьауэ арат.

Арати, зы пIащэжь гуэрым, и Iэблэ кIащIэхэр игъэджэгурэ ней-нейуэ ди дежкIэ зыкъигъэзати («мыхэри дэнэ къыздикIар?» къытхужиIэ къыщIэкIынт), си гум къызэридзэри, Жамбейм зыхуэзгъэзащ: «КхъыIэ, Музэриф, ихьи, и нэ вагъуэр егъэлъагъуж мы къытхущIэплъым!». Ар зэхэзыха Ахъыр Жамбейм, утыкумкIэ хущIэрыIэ щIыкIэу еIунщIащ, мыдэ адыгэ джэгум зэрыдадзым хуэдэу.

Сытми, ихьэщ абыи, и IитIымкIэ пут тIурытI зи хьэлъагъ гырэхэр къищтэщ, дридзейри, хуэмыбзэу кърихьэхыжу щIидзащ. Абдежым щэху хъуащ пэшышхуэм щIэтаи щIэсаи. Псори къоплъ ди гъусэм. Арати, къызэрырихьэхыж и Iэблэхэр и бгъуитIымкIэ щиукъуэдийри, захуабзэу щищIащ. КуэдыIуэрэ зэриIыгъым срогузавэ, е Iэпоху, е нэгъуэщI щIэщхъу къыщощI, жызоIэри. Зыгуэр жесIэнуи сигу къокI. Езым иIыгъщи-иIыгъщ, иридзыхыркъым, Iэу! Сэри, сыгузэвэщащи, си щIыбым псыр йожэх! Секунд 30-кIэ иIыгъа хъунщ.

АрщхьэкIэ, иридзыхын дэнэ къэна, Жамбейм а иIыгъахэр зэрырихьэхам хуэдабзэу, хуэмыбзэу иIэтыжащ! ИIэтыжщ, кърихьэхыжри игъэувыжащ. КъэтIысыжащи, «еуэ, иджы уи зэфIэкIри (штангэр лъакъуэ лъэныкъуэкIэ къэсIэту зэрыщытар) къэгъэлъагъуэ!» жеIэри, зыкъысхуегъэзэ.

«Дапщэ пылъыр?» сеупщIащ Ахъы Хьэсэн, си гъусэу нихьати. «Килограмм 75-рэ», - къызитыжащ жэуап.

ЩIэтри щIэсри къызоплъ, «Сыту пIэрэ мыбы килограмм 75-кIэ ищIэнур?» жыхуаIэу. Штангэр IитIымкIэ сIэтщ, къыщесхьэхыжым си пщэм дэслъхьэри, лъакъуэ лъэныкъуэр захуабзэу щIэсшиикIащ, а псом къадэкIуэуи, мыдрей лъакъуэмкIэ хьэмбыIуу щэсетIысэхри, сыкъэтэджыжащ.

Асыхьэтым сыкъэувыхьащ, «Дэнэ укъыздикIар, сыт иджыри къэс ущIэдмыцIыхур?» жаIэу. «Пщэдей зэхьэзэхуэм дыщызэхуэзэнщ!» жытIэри, щыри дыкъыщIэкIыжащ, нэгъуэщI жэуап едмыту.

Ахэр щIыжысIэжыр Жамбей Музэриф и цIэр къыхэзгъэщын щхьэкIэщ. Мис апхуэдэхэр дэслъэгъуащ абы.

- Музэриф и хьэл-щэну щытахэми укъытхутепсэлъыхьыркъэ, БетIал?

- Мы щIалэм нэхърэ нэхъ зэтет, нэхъ къабзэ, пщIэнэмыс зыхэлъ, захуагъэм и телъхьэ, хьэл дахэ зиIа къытхэтакъым. И пIэ къипшми, уи гугъу къищIынутэкъым. Бахъсэн щыIэ СУ-14-м щылэжьащ, самосвалыжь исуэ. Езыр щхьэемыгугъут, гу пцIанэт, бзаджагъэ жыхуэпIэр ищIэртэкъым.

- И кIуэдыкIэ хъуар сыту пIэрэ?

- 1983 гъэ лъандэрэ спортым дыхэтыжтэкъым. Сэри IуэхущIапIэ гуэр сыIуту, модрейри нэгъуэщI IэнатIэ щылажьэу, зэпэIэщIэ дыхъуауэ дыкъекIуэкIащ. Ауэрэ, зэгуэр и къуэш нэхъыщIэм сыхуэзауэ, сыщIэупщIат: «Сыт хуэдэ Музэриф?». «Сымаджэщым щIэлъу, операцэ ящIри къелакъым!» - жиIэри, къызэщхьэкIуат. Ар хуабжьу си жагъуэ хъуауэ щытащ...

Епсэлъар
КЪУМАХУЭ Аслъэнщ.

Польшэм кърашу щытахэр зэрахъуэкI

2024 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым мыIэрысэу къыщыпачыжащ тонн зы мелуаным щIигъу. Ар процент 30-кIэ нэхъыбэщ абы ипэ ита илъэсым кърахьэлIэжам нэхърэ. Абы къыдэкIуэу, Урысей Федерацэм и адрей щIыналъэхэм иращэм и куэдагъми къыхэхъуэ зэпытщ. ЖыпIэнурамэ, 2023 гъэм республикэм и пхъэщхьэмыщхьэр щIыналъэ 36-м хурагъэшамэ, нэгъабэ 49-рэ къызэщIаубыдащ.

ДИ мыIэрысэхэр зраща щIыналъэхэм нэгъабэ къахыхьащ Иркутск, Мурманск областхэр, Красноярск крайр, Донецк, Луганск республикэхэр. УФ-м щыIэ фитосанитар мардэхэм КъБР-м и мыIэрысэхэр къотIасэ, щыжаIащ «Россельхознадзор»-м и управленэу Кавказ Ищхъэрэм щыIэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ирашын ипэ къихуэу мыIэрысэ тонн мини 132,5-м я фIагъыр зыхуэдэр къипщытащ а IуэхущIапIэм икIи ар процент 17-кIэ нэхъыбэщ 2023 гъэм нэхърэ.

Республикэм пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэм щрагъэубыдащ гектар мин 27-рэ, зэуэ тонн мин 300 зыщIэхуэн хъумапIэхэри иIэщ. МыIэрысэ лъэпкъхэм ящыщу ди деж нэхъыбэу къыщагъэкIыр Айдаред, Флоринэ, Гольден, Фуджи жыхуаIэхэм хуэдэхэрщ.

Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Новак Александр иджыблагъэ жиIащ Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм къыщагъэкI мыIэрысэхэмкIэ Польшэм япэхэм кърашу щытахэр къанэ щымыIэу зэрызэрахъуэкIар икIи къэралым къыщагъэкI а пхъэщхьэмыщхьэм и нэхъыбэр КИФЩI-м къызэрыщрахьэлIэжыр.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Хэт Лермонтовыр зыукIар?

● ГъэщIэгъуэнщ

Школым дыщыщIэса зэманым къыщыщIэдзауэ дощIэ: дзэм къыхэкIыжа майор Мартынов Николай 1841 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м (жыымкIэ шыщхьэIум и 15-м) Пятигорск и гъунэгъуу урыс усакIуэшхуэ Лермонтов Михаил щиукIащ, щIакIуэкIапэ дытеувэри. АпхуэдизкIэ десэжащи, абы зыми шэч къытримыхьэж хуэдэщ. Пэжщ, зэхэтхырт мыбы зэIумыбзыныгъэ гуэрхэр хэлъу. АрщхьэкIэ ягъэхъыбархэр хъыбар къудейуэ къэнэжырт, абы фIэмыкIыу. ГъэщIэгъуэнщ, ауэ Урысейм и цIыхубэ артист икIи Къэрал Думэм и депутат Бурляев Николай УФ-м и Следственнэ комитетым иджыблагъэ зыхуигъэзащ Лермонтовым и укIыкIэ хъуар зэхагъэкIыну елъэIуу. Сыт щхьэкIэ? Мы Iуэхум теухуауэ псори гурыIуэгъуэ хуэдэщ. Абы щыхьэт техъуащ IэщIагъэлIхэри. Сыт иджы щIэуэ къагъуэтыжыфынур?

- ЯПЭРАУЭ, - жеIэ Бурляевым, - зэпэщIэувахэр здэщыта щIыпIэхэр зэхуэдэкъым: зыр адрейм градус 60-кIэ йолъэгэкI. Апхуэдэ къэхъу хабзэкъым: щIакIуэкIапэ зэдытетхэр я IэмалхэмкIэ зэхуэдэн хуейщ. ЕтIуанэрауэ, шэр Лермонтовым и Iэпкълъэпкъым зэрыхыхьа щIыкIэм хуэдэу хыхьэн папщIэ Мартыновыр щылъу абы къеуэн хуеящ. Фегупсыс. Пэжщ, Iуэхур щекIуэкIар бгылъэ щIыпIэщ - Мэшыкъуэ Iуащхьэм и лъабжьэрщ, ауэ, итIани, щызэпэщIэува щIыпIэу дагъэлъэгъуар тафэщ.

Иджыри зы къемызэгъ. Дэфтэрхэм къагъэлъагъуэ шэр къызэрытехуэу Лермонтовыр зэшэзэпIэу лIауэ. Ар щыджэла щIыпIэм лъы лъагъуэ къэнат. Ауэ абы и гур занщIэу къэувыIащ - лъы къыщIэжынутэкъым. Лъы лъэужь щыщыIэкIэ, Лермонтовыр шэ къытехуа иужькIи псэуащ...

Мыбыи гу лъытэн хуейщ: а щIакIуэкIапэм хэтахэм а зэманым щыIа хабзэм елъытауэ тезыр щабащэ зэрытралъхьам. Пащтыхь Николай Езанэм унафэ ищIащ: «Майор Мартыновыр мазищкIэ гауптвахтэм игъэсын, титуляр советник Васильчиковымрэ корнет Глебовымрэ яхуэгъэгъун: япэм - и адэм иIэ фIыщIэхэм, етIуанэм - зыхэта зэхэуэхэм уIэгъэ хьэлъэ зэрыщыхъуам къыхэкIыу». Зэрытлъагъущи, Лермонтовыр къуэншауэ зы щIыпIи хэткъым.

Васильчиковым и адэр генерал-адъютант, министрхэм я комитетми Къэрал советми я унафэщI Васильчиков Илларионт. А зэманым Урысейм щыетIуанэ цIыхут. Мыбдежми щыIэщ гу зылъыптэн. Васильчиковнэхъыщ1эр Ираным къикIыжри, Пятигорск кIуащ Лермонтовыр яукIыным мазитI иIэжу. И адэм абы хуетх: «Фэ зыгуэр ефщIэ а поручикым!»

А псоми къадэкIуэу гурыIуэгъуэкъым Мартыновымрэ Лермонтовымрэ щIызэфIэнам и щхьэусыгъуэ дыдэр. Езы майорым зэрыжиIэжамкIэ, Верзилинхэ я унэм щыщIыхьам Лермонтовым абы щхьэкIэ жиIащ: «Мис, къытхуэкIуащ шэрджэс нэсыр!». Ар ирикъуащ псори дыхьэшхын папщIэ: къамэ зыкIэрыщIа адыгэ фащэ зыщыгъ Мартыновыр ныбэкът, а фащэм зыкIи емыкIууу. А ауаныращ псори къызэрыкIар. Iуэхур зэхэзыгъэкIахэр унэр зей Верзилинэ Марие еупщIащ: «Уэ зэхэпха, ауан ищIурэ, Лермонтовым Мартыновыр и пIэ къызэрыришын гуэр жриIауэ?» ЖоркIэ тхьэ ирагъэIуа иужь цIыхубзым жэуапу къитыжащ апхуэдэ гуэри щымыIауэ. Верзилинэр, Васильчиковыр, Глебовыр зэхуигъазэу щхьэ кърамыгъэIуэтэжарэ Iуэхур зэрекIуэкIар? Абы и пIэкIэ упщIэхэр хуагъэхьащ... тхыгъэкIэ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, модрейхэм зэман яIащ жэуапхэр зэрыхуейуэ ягъэхьэзырыну, уеблэмэ, зэрагъэкIуну.

Мыри хьэлэмэтщ. Лермонтовыр яукIащ сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м. Абы и псэр занщIэу хэкIауэ жаIащ. Ягъусахэр гъуэрыгъуэурэ Пятигорск кIуащ дохутыр е хьэдэр зэрашэжыну гур къалъыхъуэу. Ауэ, уэшхыр къежэхырти, зыри къахуэкIуакъым. Хьэдэр щашэжар сыхьэт 21-р екIуэкIыущ. Абы щыгъуэми, зы цIыху зэрыхуэ гум ису щIыпIэм кIуат Глебовыр. Сыт хьэдэр щIимышэжар? Е, офицерхэрти, псоми фIыуэ ящIэрт адыгэхэм хьэдэхэр шыплIэкIэ зэрахьыжыр? Пятигорск нэс дэлъ верстиплIыр апхуэдэу зыкIун щхьэ къахэмыкIарэ?

Зэрытлъагъущи, упщIэхэр куэдщ, абыхэм я нэхъыбэри къыщыкъуэкIар нобэкъым. ЗэкIэ жытIэнщ, Бурляев Николай и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, Урысейм и Следственнэ комитетыр арэзы хъуащ Iуэхур щIэрыщIэу зэхигъэкIыжыну. ЛIэщIигъуитI дэкIами, цIыхухэм пэжыр ящIэн хуейщ.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар
ШАЛ Мухьэмэдщ.

ЩIымахуэ зэIущIапIэ

● Щэнхабзэ

ЩIалэгъуалэм я IуэхущIафэхэр утыку къихьэнымкIэ, я гупсысэхэм цIыху нэхъыбэ щыгъуазэ щIынымкIэ, зэфIэхын хуей гуэрхэм ахэр къыхэлъытэнымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэр къэралми абы и щIыналъэ цIыкIухэми, ди гуапэ зэрыхъунщи, куэду щрагъэкIуэкI. Абыхэм ящыщ зыуэ бгъэнаIуэ хъунущ мазаем и 15 - 17 махуэхэм Налшык щекIуэкIа «ЩIымахуэ платформа 2025» фестивалыр.

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, къалэр зэIузэпэщ щIынымкIэ «Платформа» институтым къыхилъхьэ, Налшык къалэ администрацэмрэ platforma_nalchik телеграмм каналымрэ и дэIэпыкъуэгъуу игъэзащIэ щэнхабзэ Iуэху дахэхэм ящыщ зыщ мыр. Абы и махуищ лэжьыгъэм къызэщIиубыдащ зэIущIэ гъэщIэгъуэнхэр, зэпсэлъэныгъэ купщIафIэхэр, макъамэ пшыхьхэр, нэгъуэщIхэри. Псалъэм папщIэ, кърихьэлIахэм яфIэгъэщIэгъуэнащ «Синдикат» творческэ зэгухьэныгъэр къызэзыгъэпэщахэм ящыщ ХьэкIэмыхъу Алинэ и лекцэр. Ар теухуат Налшык и сурэтыщIхэм, музыкантхэм, къэхутакIуэхэм зыгуэрым и унафэми щIэмыт я зэгухьэныгъэм и лэжьэкIэм, музейхэмрэ галереехэмрэ нэмыщI нэгъуэщI щIыпIэхэм художественнэ зэIущIэхэр зэрыщекIуэкIым, IэщIагъэлIхэр зэрыIыгъын щIыхуейм, нэгъуэщIхэми.

Апхуэдэуи фестивалым къызэщIиубыдащ «Практика развития креативных индустрий в Ставропольском крае» (къеджар Насонов Олегщ), «Практики осмысления городской идентичности. Опыт музея Махачкалы» (Дибировэ Наидэ), «Сигу ирохь. Студия автопортрета как место силы горожан» (ХьэцIыкIу Милэ) лекцэхэр.

НыбжьыщIэ театрым (ТЮЗ) и архитекторым и гъусэу ухуэныгъэм зыщаплъыхьащ фестивалым хэтхэм. Скульптор цIэрыIуэ Тхьэзэплъыж Руслан и гъэлъэгъуэныгъэ къызэIуахащ, арджэнышI Iэзэ Мэзло Руслан мастер-класс иригъэкIуэкIащ. Макъамэ дахэкIэ зэIущIэр гъэнщIауэ щытащ. Абы зыкъыщагъэлъэгъуащ осетин лъэпкъ макъамэмкIэ Ragon Bal ансамблым (Владикавказ), адыгэ макъамэхэм Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ еуэ ХьэцIыкIу Башир (Налшык), «Лествица» этно-фолк гупым (Ставрополь), ТЮЗ-м (Vynd project макъамэ зыкъэгъэлъэгъуэныгъэ), Shible гупым.

ЩIалэгъуалэм зым и Iуэхум адрейм зыщигъэгъуэзэну, ямыщIэ къащIэну, я гукъэкI зыхуаIуэтэну яIа Iэмалыр дэтхэнэ зыми щхьэпэ зэрыхуэхъуам шэч хэлъкъым. Гукъыдэж яIэу, къыкIэлъыкIуэ зэIущIэм, къахуэмыгъэсу, зэрыпэплъэнур жаIэу зэбгрыкIыжащ фестивалым хэтахэр.

ИСТЭПАН Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

«Ашэмэз» и гъуэгуанэ дахэр

Адыгэ пшыналъэхэмкIэ лъэпкъ гупсысэр зэIэпыхыныр ди хабзэу ижь-ижьыж лъандэрэ дыкъогъуэгурыкIуэ. Нэхъыбэу ди адэшхуэанэшхуэхэрщ зыщIэжыр адыгэм и зы Iуэхугъуи уэрэдыжь хэмыту зэфIэкIыу зэрымыщытар. Иужьым, XIX лIэщIыгъуэм и кIэм щегъэжьауэ, уэрэд жыIэныр цIыхухъухэм хуэмурэ IэщIыб ящI хъуат. АрщхьэкIэ ди зэманым зэрынэрылъагъущи, а хабзэ дахэр ди щIалэхэм я Iэпэгъу хъужащ.

МЫ ТХЫГЪЭМКIЭ фэдгъэцIыхуну гупым и лъабжьэр 2005 гъэм къыщожьэ, ауэ абы псори тепсэлъыхьу къэралым цIэрыIуэ щыхъуар 2022 гъэм «Поём на кухне всей страной» телепроектым (Япэ каналымкIэ екIуэкIым) хэта иужькIэщ. Телевизореплъ мелуанхэм я гур зыхьэхуар Адыгэ Республикэм и «Ашэмэз» цIыхубэ IуэрыIуатэ ансамблырщ. КIэух Iыхьэм нэса гуп нэхъыфIитхум ящыщ ар хъуат. Абы хэтхэр псори цIыхухъущ, лъэпкъ уэрэдыжьхэр ягъэзащIэ, шыкIэпшынэрэ адыгэ пшынэрэ ягъэбзэрабзэ.

ЩIалэхэм я Iэзагъэмрэ я утыку итыкIэмрэ димыхьэха къэнэжауэ къыщIэкIынкъым, абыхэм уэрэд зэрагъэзащIэр иджыпсту Интернетым и напэкIуэцIхэм щызэIэпахыу апхуэдэщ. А псом, дауи, лъабжьэ иIэщи, гупыр къызэгъэпэща хъунми абы зегъэужьынми зи гуащIэ хэзылъхьар АР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Адыгей къэрал университетым макъамэмрэ къафэ гъуазджэмкIэ и кафедрэм и доцент, педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Быщтэкъуэ Iэсиятщ.

Мейкъуапэ дэт ЦIыхубэ щэнхабзэмкIэ центрым епхауэ ансамблыр абы зэщIигъэуIуат 2005 гъэм. Гупыр къыщызэригъэпэщым, Iэсият къалэнышхуэ зыхуигъэувыжат - щIалэгъуалэр уэрэдымрэ къафэмрэ къищынэмыщIа, лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэхэм еуэнми усэхэм къеджэнми дегъэхьэхыныр. Къэбгъэлъагъуэмэ, абы зы щIэблэкъым апхуэдэу игъэсэсэну зыхунэсар.

Къэрал псом цIэрыIуэ щыхъуар иджыми, «Ашэмэзыр» сыт щыгъуи Урысейм и фестивалхэми зэхьэзэхуэхэми ирагъэблагъэу, къыщыхэжанык Iыу къекIуэкIащ. Ар иджыпсту Урысейм цIыхубэ творчествэмкIэ щIыхь зиIэ и гупщ. 2023 гъэм «Си Пакъ» цIыхубэ уэрэдыр «Черкес ФМ-м и Вагъуэхэр» концертышхуэм (Москва къалэм) щыщигъэзащIэри, гупым щIэупщIэр нэхъыбэж ищIащ.

Мы ансамблым нарт хъыбарыжьхэм щыщу уэрэд 20-м щIигъу егъэзащIэ, лIыхъужьхэм я Iущагъэр, хахуагъэр, къарур, щэн дахэр утыкум щаIэту (иджыблагъэ «Сосрыкъуэ и пшыналъэр» утыку кърахьащ). Къыхэгъэщыпхъэщ, 2012 гъэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм и дэIэпыкъуэгъукIэ, абыхэм япэу хамэ къэрал, Германием, зыкъыщагъэлъэгъуауэ зэрыщытари. ИлъэситI дэкIри, ансамблым «цIыхубэ» цIэр къратащ.

Илъэс 20 ипэкIэ

- Адыгэ уэрэдыжьхэр жызыIэну щIалэ цIыкIу гуп гъэсэн зэрыхуейм щIэхъуэпсу куэдрэ гупсысащ Къул Амырбий. Абы щыгъуэм ар Адыгейм ЩэнхабзэмкIэ и цIыхубэ центрым и унафэщIт. Апхуэдэ лэжьыгъэм зезыпщытын игъуэтыртэкъым, зызыхуигъазэу хъуам а Iуэхум иужь ихьэну иракуртэкъым. Сэ къыщызбгъэдыхьэм, куэдрэ сымыгупсысэу арэзы сыхъуат, - жеIэ ансамблым и унафэщIым.

Iэсият щIыналъэ гимназием щIалэгъуалэм щедаIуэри, уэрэд жызыIэфыну къилъытэ цIыху 40 хуэдиз къыхишащ. АдэкIэ абыхэм ядэлэжьэн хуейтэкъэ?! Махуэ нықъуэкIэ дерсхэм щIэса щIалэ цIыкIухэр зэщIэбгъэуIуэу, иджыри уэрэд жебгъэIэныр, уегупсысмэ, гугъу дыдэщ. Ауэ Iэсият зэрыжиIэмкIэ, а Iуэхум фIэфIу иужь ихьати, унафэщI къудейуэ я пащхьэ къимыхьэу, ныбжьыщIэхэм затригъахуэу, зэныбжьэгъугъэ я зэхуаку дэлъу лэжьыгъэр ишэщIащ. Нобэ тлъагъу ансамблыр сыт и лъэныкъуэкIи нэгъэсауэ утыку зэритыр абы къриkIуащ.

«Ашэмэзым» пасэрей лъэпкъ пшыналъэхэр зэрыщытам хуэдэ дыдэуи иджырей зэманым декIуу макъамэхэм елэжьыжауи ягъэзащIэ. Езыхэм зэрыжаIэщи, къалэн нэхъыщхьэу зыхуагъэувыж тхыдэмрэ IуэрыIуатэмрэ «къагъэпсэужыныр», абыхэм хэта лIыхъужьхэм я лIыгъэр ягъэIуныр.

Иджыпсту мы щIалэхэм «ягъэлъагъуэ» щэнхабзэр щIалэгъуалэм я гум дохьэ. Щокъуий Айдэмиррэ Биданокъуэ Жьыутрэ ягу къагъэкIыж гупым щыхыхьагъащIэм я ныбжьхэр къащIэнакIэу зэрыщытар «певичкэкIэ» къеджэу, ауэ иджы ардыдэхэм къыжраIэ хъуащ: «Афэрым! IуэхуфI иужь фитщ».

Къэрал утыкушхуэм

«Поём на кухне всей страной» телепроектым щытекIуэм сом мелуани 3 и саугъэтщ. «Ашэмэз» ансамблым и унафэщI Iэсияти жэуаплыныгъэ яхьыр зыхищIэрти, Iуэхум тегузэвыхьырт. Арати, щIалэхэм жаIащ: «Саугъэт нэхъыщхьэр зылъыдгъэсын щхьэкIэ дызэрыщымыт зытщIыну дыхэтынукъым, ди зэфIэкIым къихьыр дгъэлъэгъуэнщ. Нэхъыщхьэр цIыхум я гум дыкъызэринэнырщ». Апхуэдэу я гур зэрызэтраубыдар арагъэнщ гуп 95-м ефIэкIыу кIэух Iыхьэм нэсыну къащIехъулIари. КъызэгъэпэщакIуэхэм я пащхьэм япэу зыкъыщыщагъэлъэгъуам, ахэр гупым зэрыдихьэхар занщIэу хьэкъ хъуат. Я япэ зэIущIэм уэрэдыр ягъэзэщIэн яухри артистхэр тIысыжат, къыжраIэным пэплъэу. ЩIалэхэр щысщ, къызэгъэпэщакIуэхэр щымщ. Апхуэдэу тэлайкIэ зэбгъэдэсауэ, Iэсият хуэмышэчыжу: «Дауэ къыфщыхъуа? Зыгуэр хэтлъхьэн-хэтхын?» - щIэупщIащ. МакъамэмкIэ редакторыр итIанэ къэпсэлъащ: «Зыгуэр зэсхъуэкIыну, уеблэмэ сошынэ, зэIызгъэхьэну сыхуейкъыми».

Щокъуий Айдамир Магомаев Муслъим «ФIыщIэ пхузощI» и уэрэдыр щигъэзэщIам, къызэгъэпэщакIуэхэм яхэса Леонов Андрей къыжриIат: «Магомаевыр къызбгъэдэта хуэдэ къысфIэщIащ», - жиIэри.

Сыт хуэдэ Iуэхуми гугъуехь гуэр къыхэмыкIыу къанэркъым. Iыхьэ зыбжанэм кIуэцIрыкIын хуейуэ щыт зэхьэзэхуэм урысыбзэкIэ къыхуагъэлъагъуэ уэрэд зыбжанэм зы къыхахыу ягъэзэщIэн хуейуэ арат. АрщхьэкIэ «Ашэмэз»-м и унафэщIыр хуейт япэ Iыхьэм гупыр кърацIыхуну я анэдэлъхубзэмкIэ утыку къихьэну. «ТкIийуэ сыукъуэдият адыгэбзэкIэ жыдамыгъэIэмэ, ансамблыр телепроектым къыхэсшыжыну. АрщхьэкIэ дызыхащIыкIащ икIи апхуэдэ Iэмал къыдату ди цIыхубэ уэрэд зэрыдагъэгъэзэщIам къыхэкIыу, адэкIэ зэпеуэм и сыт хуэдэ къалэнри упщIэ лъэпкъ къыхэмыкIыу яхуэдгъэзэщIащ», - игу къегъэкIыж Iэсият.

Ансамблым зыкъигъэлъэгъуэху, щIалэхэм я зыIыгъыкIэмрэ бгырысым хуэфэщэну ахэр зэрыщытымрэ нэхъыбэм гу лъатэу, псалъэ гуапэхэр Интернетым щыхуатхыу хуежьащ. А псом абы я уэрэд гъэзэщIэкIэр хэплъхьэжмэ, гупыр къыщIызэрагъэпэща щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэ дыдэр - щIэблэр лъэпкъ щэнхабзэм пыщIа щIыныр - зрагъэхъулIауэ жыпIэфынущ.

КIэух Iыхьэм лъэпкъ фащэхэр ящыгъыу ансамблым хэтхэм зыкъагъэлъэгъуэну яубзыхуат. Нэтыныр зэрытрахынум хуэдэу камерэхэр ягъэувауэ хьэзыру здэщысым, Iэсият программэр езыгъэкIуэкIым кIэщIу къыжриIащ: «ЩIалэхэм я цейр екIу дыдэу ящыгъщ, ауэ зэхъуэкIын хуейщ. Мыр концерткъым». ЦIыхубзыр абы хуабжьу къызэщIигъэплъат, нэгъуэщI фэилъхьэгъуэ ягъэхьэзырыххатэкъым. Куэдрэ мыгупсысэу, кIыхьи зримыгъэщIу, Iэсият къызэрыжраIам хуэдэ дыдэу езыми сабыру зыкъыхуэзыгъэзам жриIэжащ: «Иджырей щIалэгъуалэм кIуэ пэтми нэхъ яфIэфIу къагъэсэбэп хъуащ щхьэрыхъуэнымрэ хъурыфэ пыIэмрэ. Фащэр мыхъуми, ахэр къэдывгъэгъанэ». Арэзы зэдэхъуащ. Апхуэдэу Iэсият лъэпкъ дамыгъэхэм щыщ гуэр пхигъэкIыфат.

«Ашэмэз» гупым хэтхэм а гъуэгуанэр, шэч хэмылъу, ящымыгъупщэнухэм ящыщщ. «Зэпеуэм саугъэт нэхъыщхьэр къызэрыщыдмыхьар ди щхьэ иридгъэжакъым, сыту жыпIэмэ абы дэ нэхъыбэ къыщытIэрыхьащ - Урысей псом, уеблэмэ нэгъуэщI къэралхэми ди Iуэхур къызэрыщыддаIыгъыр тлъэгъуащ», - жеIэ Щокъуийм.

«Ар илъэс 17-кIэ къэткIуа гъуэгуанэм ди гуащIэу къытеднар къыщызэщIэткъуэжа Iуэхуу къэплъытэ хъунущ. Зэпеуэм дызэрыхэтам ди пщIэр иIэтащ, нэхъ зыдигъэужьащ», - къыхегъэщ Бидэнокъуэми.

«Ашэмэзыр» иджы уэрамхэми къыщацIыху, абыхэм къабгъэдохьэ, сурэт зытрагъэхыну зыкъыхуагъазэ, ягъэзащIэ уэрэдхэри цIыхубэм я дзапэ уэрэдщ. Адыгэ лъэпкъ щэнхабзэм нобэрей щIалэгъуалэр дегъэхьэхыным тегъэщIауэ къэунэхуа ансамблыр мы зэманым нэхъыжь, курыт, нэхъыщIэ гупу гуэшащ. «Нэбзий» гупыр щхьэхуэщи, абы хагъэхьахэм Iэмал яIэххэщ «Ашэмэз» ансамблым и гуп нэхъыщхьэм хэхуэну. ДяпэкIэ абыхэм ягъэзащIэ уэрэдхэм нэгъуэщI лъэныкъуэкIи зрагъэубгъуну я мурадщ, ауэ цIыхубэ уэрэдыжьхэри лъэныкъуэ ирагъэзынукъым. Ар я лъым хэтщ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Къэхъуакъым шынэу къыщикIуэта

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм къэралым щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэ ткIийхэр, экономикэ лъэлъэжыр урысей къэралым щыпсэухэм ягу къинэжащ гугъуехьхэр щыщыIа зэману. И чэзум улахуэ къущат лэжьапIэ къэбгъуэтыныр ехъулIэныгъэшхуэу къалъытэрт абы щыгъуэ. Абы и лъэныкъуэкIэ - и Iуэху къикIауэ щытащ нобэ зи гугъу фхуэтщI Сэбан Руслан - и ныбжьэгъур къыдэIэпыкъури, 1994 гъэм и щIышылэм щIалэр яхыхьащ езыр щалъхуа Тэрч районым и мафIэсгъэункIыфIхэм.

КЪЫЗЭРЫГУЭКI лэжьакIуэу IэнатIэм пэрыхьащ. IэщIагъэ хуэхъуам хуэIэижь зэрыхъуным, и щIэныгъэм зэрыхигъэхъуэным хущIэкъурт зэпымыууэ. Ауэрэ Сэбаныр и къулыкъукIэ дэкIуейуэ хуежьащ - къудамэм и командир, адэкIэ къэрэгъулым и унафэщI ящIащ. Езыр зыщыщ 11-нэ мафIэсгъэункIыфI частым и гуп хэхам хэту республикэ зэпеуэхэм хэтащ и IэщIагъэм къегъэщIылIа спорт лIэужьыгъуэмкIэ. Абыхэм тIэунейрэ - 2001, 2003 гъэхэм - пэрыт увыпIэхэр къыщихьащ, «КъБР-м мафIэс къэмыгъэхъунымкIэ и къэрэгъулым и унафэщI нэхъыфI» республикэ еплъыныгъэ-зэхьэзэхуэм щытекIуащ.

Сэбаныр мы IэщIагъэм пыщIа зэрыхъунур нэхъ пасэуи къэнэIуауэ къыщIэкIащ. Абы теухуа гукъэкIыжхэр иIэщ Руслан.

...Гъатхэ махуэ хуабэу илъэси 6 зи ныбжь, иджыри школым мыкIуа щIалэ цIыкIур и гъунэгъухэм я деж екIуэкIат джэгуну. Зыкъомрэ зытрагъэуауэ, езым и ныбжь и Iыхьлы хъыджэбз цIыкIур и гъусэу хадэм кIуэри, мафIэ щащIащ. Мэкъу пыпхъуэм и гъунэгъуу къудамэ гъуа цIыкIухэр щызэхуахьэсри, мафIэ щIагъэнащ. МафIэ цIыкIур псынщIэу ин хъуащ, сабийхэри, шынэри, загъэпщкIужащ.

МафIэм гу лъызыта Сэбанхэ я гъунэгъухэр къызэхуэсри, ар ягъэункIыфIыжащ псэуалъэм лъамыгъэIэсу, и зэран зыми емыкIыу. Дауи, Руслан ищIам щхьэкIэ быдэу къешхыдащ, и шыпхъу цIыкIуми гурагъэIуащ мафIэдзым ириджэгу зэрымыхъунур. Мис абы щыгъуэм ныбжьыщIэм быдэу игу ирилхьат дяпэкIэ сыт щыгъуи сакъыну.

- Сабийхэм куэдрэ мафIэдзхэр къащтэ ириджэгуну, - жеIэ иджы Руслан. – Фэ, дауи, къывгурыIуащ ар си щхьэкIэ зэрызгъэунэхуар. Ди насыпти дыкъелащ. Ауэ апхуэдэ «зэштегъэухэр» гуауэкIэ сыт хуэдизрэ иухрэ. Абы къыхэкIыу мыхьэнэшхуэ иIэщ адэ-анэхэм я сабийхэр кIэлъыплъыныгъэншэу къамыгъэнэным. НэхъыфIыжщ мафIэдзхэм уриджэгуным къишэнкIэ хъуну шынагъуэр абыхэм гурагъаIуэмэ.

Сэбаным игу къегъэкIыж 1985 гъэм дзэ къулыкъур щрихьэкIым къэхъуауэ щытари. Махуэм зыгъэсэныгъэм пыщIа Iуэхухэм иригъэша сэлэтхэм «буржуйкэ» хьэку цIыкIухэмкIэ ягъэплъ егъэзыпIэхэм зыщагъэпсэхурт. Абыхэм зи нэIэ тетын хуеяр жеящ икIи дэп пщтырыр хьэкум къихуу чэтэным зэрытехуар илъэгъуакъым. МафIэмрэ Iугъуэмрэ пэшым щIэз хъуат, къэхъуар къызыгурымыIуэ сэлэт жейбащхъуэхэр абы къыщIэлъырт. ЩIалэхэм я кIий макъымрэ и Iэпщэ сыхьэт къэплъам къызэрисымрэ Руслани къагъэушри къыщIэжащ. Абы и Iэпхъуамбэхэм мафIэр къепхъуат, къэхъуну щытар нэхъ Iеижт, ауэ мафIэр ягъэункIыфIри къелащ.

Зэрытлъагъущи, IэнатIэм пэрыхьэн ипэкIэ Руслан зэм мафIэс къигъэхъуащ, иужькIэ езыр абы къелащ. Ар дерс пхуэхъун хуэдэт. Иджы мис, и гъащIэр триухуащ а къэхъукъащIэ шынагъуэм пэщIэтыным.

IэнатIэм зэрыщылажьэрэ блэкIа илъэс 31-м къриубыдэу Сэбаныр мафIэсу щэ бжыгъэхэр зыгъэункIыфIыжахэм яхэтащ. Абыхэм ящыщт гугъу дыдэ зыдехьахэри, нэхъ тыншу зыпэлъэщахэри. Ауэ зэи къэхъуакъым Русланрэ и лэжьэгъухэмрэ къыщыскIа, шынэу къыщикIуэта е хуагъэува къалэнхэр IэхъуэгъуэтегъэкIыу щагъэзэщIа. Езым и жагъуэ мэхъу мафIэсгъэункIыфIхэр псынщэу икIи гуващэ фIэкIа щIыпIэм нэмысу зэрыжаIэр:

- Ди гупхэр сыт щыгъуи узэдащ гъэсыныпхъэкIи, мафIэсыр зэрагъэункIыфIхэмкIи, - жеIэ Руслан. – НэгъуэщI Iуэхущ мафIэр инмэ здаша псыр дакъикъэ бжыгъэкIэ фIэкIа зэрахуримыкъур. Аращ ахэр псыншэу кIуауэ щIыжаIэр. Гувауэ нэсу жыхуаIэм и гугъу пщIымэ, ар къызыхэкIыр мафIэ къызыщIэнахэм япэщIыкIэ езыр-езыру ар ягъэункIыфIыну яужь зэрихьэрщ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ зэманыр яфIокIуэд. ИужькIэ, я къарукIэ зэрыпэмылъэщынур къащIэри, ди деж къопсалъэ. ЯгъэкIуэда дакъикъэхэм мылъку хэщIыныгъэшхуэ къащрити щыIэщ.

Сэбан Руслан Тэрч районым мафIэс шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным теухуа лэжьыгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэр гулъытэншэу къэнакъым. Ар мызэ-мытIэу ягъэпэжащ. Псалъэм папщIэ, Урысейм КъызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и гупым яхэту, ар щыIащ Урысей МЧС-м и КъегъэлакIуэм и махуэм и щIыхькIэ 2015 гъэм Москва и Кремль Уардэунэм щата гуфIэгъуэ концертым. И лэжьыгъэфIымрэ зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэмрэ къапэкIуэу абы къратащ Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм епха, МафIэсым пэщIэт къэрал IэнатIэм и управленэмрэ Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу республикэм щыIэмрэ я фIыщIэ, щIыхь тхылъ куэд. Апхуэдэу Сэбан Руслан Борис и къуэм къыхуагъэфэщащ «КъызэрымыкIуэ къэхъукъащIэхэм я Iэужьхэр гъэкIуэдыжыным къызэрыщыхэжанык Iам папщIэ», «Урысейм и МЧС-р илъэс XXV ирокъу», «Граждан зыхъумэжыныгъэ IэнатIэр илъэс 80 ирокъу» медалхэр. Ар лэжьыгъэм и ветеранщ.

Мыри къыхэдгъэщынщи, республикэм мафIэсым пэщIэт-къегъэлакIуэ и къулыкъум екIуу я къалэныр щрахьэкI Сэбан лъэпкъым щыщхэм. Абыхэм гъуэгугъэлъагъуэ яхуэхъуащ мазаем и 13-м зи ныбжьыр илъэс 60 ирикъуа, нобэ фэдгъэцIыхуа Руслан.

«Адыгэ псалъэ» газетыр зи Iэпэгъу, ди щIэджыкIакIуэ пэж Сэбан Руслан дохъуэхъу и лэжьыгъэм къыпэкIуэ пщIэмрэ щIыхьымрэ къыхэхъуэу, и гурылъхэр нахуапIэ щыхъурэ и мурадхэр къехъулIэу, узыншэу, гъащIэм и IэфIыр зыхищIэу, нэсыпыфIэу иджыри илъэс куэдкIэ псэуну.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● КъБР-м щыIэ МВД-м

Дэшхуей жыгхэр пиупщIащ

Урысей МВД-м Лэскэн районым щиIэ къудамэм уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и IэнатIэм и лэжьакIуэхэм къыщIагъэщри, уголовнэ жэуапым абыкIэ ирашэлIащ хуит къамыщIауэ мэзым жыгхэр щыпызыупщI, илъэс 28-рэ зи ныбжь аргуандэсыр.

ПОЛИЦЕЙХЭМ зэраубзыхуамкIэ, цIыхухъум Лэскэн мэзым щыпиупщIащ дэшхуей жыгиплI. АдэкIэ ахэр Iыхьибгъуу зэпигъэлъэлъщ, хьэлъэзешэ автомашинэм ирилъхьэри, щIыпIэм иришыну яужь итащ. Абы хэту ар яубыдащ.

ЗэрыжиIамкIэ, ириупщIыкIа жыгхэр ищэн мурад иIэт.

ИрагъэкIуэкIа экспертизэм тепщIыхьмэ, шэч зыхуащIым къэралым иритащ сом 1158000-м щIигъу хэщIыныгъэ.

Урысей МВД-м Лэскэн районым щиIэ къудамэм и СО-м и следователхэм цIыхухъум теухуа уголовнэ Iуэху къаIэтащ УФ-м и УК-м и 260-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэр илэжьауэ ягъэкъуаншэу.

БАХЪСЭН Аzэмэт.

Псынэдахэм зыIэщIигъэкIакъым

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и щIымахуэ чемпионыр щызэхэкIар иужь дыдэ джэгугъуэращ. Куэдым зэрыхуагъэфэщауэ, ар зыIэригъэхьащ зэхьэзэхуэм и кIыхьагъкIэ бжыпэр зыIыгъа Псынэдахэ и «Родник»-м.

2024-2025 гъэхэм екIуэкIа щIымахуэ зэпеуэр нэхъри хьэлэмэт ищIащ кIэух джэгугъуэм пщIондэ хэт абы щытекIуэнуми наIуэу зэрымыщытам. А Iуэхум хэлIыфIыхьащ тхьэмахуэ ипэкIэ псынэдахэдэсхэм очкоитI яфIэзыгъэкIуэда «Псыгуэнсур». Абы и фIыгъэкIэ Алътуд и «Искра»-р бжьыпэр зыIыгъхэм гъунэгъу дыдэ къахуэхъуат. АдэкIэ псори зэлъытыжар пашэныгъэм щIэбэнхэм иужьу зыкъызэрагъэлъагъуэрат.

Япэу джэгупIэ губгъуэм къихьащ алътуддэсхэр. Абыхэм хьэрхуэрэгъу къахуэхъуа Къэрэгъэш и «Иналыр» къазэрыпэщIэмытыфынур гурыIуэгъуэт, иджыри къэс зы очкои зэхьэзэхуэм къызэрыщамыхьыфар къэплъытэмэ. АрщхьэкIэ зэщхьэщыкIыныгъэр апхуэдиз хъуну хуэзыгъэфэщар мащIэ дыдэщ. Зэгуэрым «Спартак-Налшыкым» хэту премьер-лигэм «къыщылында» Гуэщокъуэ Арсен иджы щыджэгу «Родник»-м и цIэкIэ мы зэIущIэм топитху «Иналым» щыхудигъэкIащ. Абы къызэрыкIэрыхуаишхуэ щIыIэкъым щэрыщэ къыхэжаныкIа Урыс Асльэнрэ Апажэ Чэримрэ. Ахэр яфIэмащIэ хъури Къуэн Заурбэчрэ (тIэунейрэ) Мыщхъуэжь Ислъамрэ (зэ) я хьэрхуэрэгъухэм я гъуэр хагъэщIащ. Арати, Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и щIымахуэ чемпионатым зэи къыщымыхъуауэ джэгур 14:0-у иухащ!

Алътуддэсхэм я жагъуэ зэрыхъунщи, мы зэIущIэм щыдагъэкIа топ пщыкIуплIри, абы ипэжкIэ «Урыхум» иратащэча топибгъури абыхэм яхурикъуакъым дыщэ медалхэр зыIэрагъэхьэн папщIэ. Мы зэхьэзэхуэм зэрыщIидзэрэ бжьыпэр зыIыгъ «Родник»-м пашэныгъэр иутIыпщакъым. Иужьу ар зылущIа Налшык и «ГорИс»-м 2:0-у ефIэкIри, дыщэр ихьащ, дыжьын медалхэр «Искра»-м къыхуигъанэри.

Ещанэ увыпIэр иубыдащ Зеикъуэ и «Шагъдийм». КIэух джэгугъуэм абы 1:0-у щыхигъэщIащ нэгъабэрей зэхьэзэхуэм щытекIуа Налшык и «Спартак-Д»-р.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэм пашэныгъэр къыщихьащ Апажэ Чэрим («Искра»). Абы и хьэрхуэрэгъухэм топ 16 яхудигъэкIащ. Хьэлэмэтращи, Чэрим къызэрыхэжанык Iам хуэдиз мы зэхьэзэхуэм къащехъулIакъым «Урыхуми», «Псыгуэнсуми», «Иналми» щыджэгухэм псоми зэхэту, дэтхэнэ гупри щхьэхуэу къапщтэмэ.

Апажэм топищкIэ къыкIэрыхуащ зыкъомрэ пашэныгъэр зыIыгъа, ауэ Псыхуабэ и «Мэшыкъуэ-КМВ»-м зэрыриджэжам къыхэкIыу иужь зэIущIэхэм хэмыта, ХъутIэ Анзор. «Логоваз»-м щыщ Мокаев Таулан ещанэщ, топи 10 дигъэкIауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2024-2025 гъэхэм я щIымахуэ чемпионатым щекIуэкIа кIэух зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ: «**Зэрэгъыж**» (Зэрэгъыж) - «**Логоваз**» (Бабугент) - **3:3**, «**Мурбек ФШ**» (Налшык) - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) – **0:1**, «**Сады Баксана**» (Ислъэмей) – «**Малка**» (Малкэ) - **1:3**, «**Искра**» (Алътуд) – «**Инал**» (Къэрэгъэш) – **14:0**, «**Родник**» (Псынэдахэ) – «**ГорИс**» (Налшык) – **2:0**, «**Спартак-Д**» (Налшык) - «**Шагъдий**» (Зеикъуэ) - **0:1**, «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) – «**Урыху**» (Урыху) - **3:0**.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм щIымахуэ зэхьэзэхуэр 2024 - 2025 гъэхэм зэрыщекIуэкIар

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Родник»	13	11	2	0	44-5	35
2. «Искра»	13	11	1	1	52-4	34
3. «Шагъдий»	13	8	2	3	24-14	26
4. «Малка»	13	7	2	4	31-19	23
5. «ГорИс»	13	7	2	4	26-23	23
6. «Ислъэмей»	13	7	1	5	28-23	22
7. «Сады Баксана»	13	6	1	6	19-23	19
8. «Логоваз»	13	5	3	5	23-29	18
9. «Спартак-Д»	13	4	4	5	22-25	16
10. «Псыгуэнсу»	13	4	3	6	15-18	15
11. «Мурбек ФШ»	13	3	4	6	16-24	13
12. «Зэрэгъыж»	13	2	2	9	17-40	8
13. «Урыху»	13	2	1	10	13-35	7
14. «Инал»	13	0	0	13	10-58	0

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; з корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.413
Заказыр № 351
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **ПхытIыкI Марие** *(1, 4-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)* *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.**
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.